Куэд зылэжь, куэд къохъулlэ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Хабзэр бзэгупэкlэ зэрахьэркъым

4-нэ нап.

Макъамэкlэ къащыlущlат

4-нэ нап.

ФИФl ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ lЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКlУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКl

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№24 (24.930) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 26, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокl • И уасэр зы тумэнщ

Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Гергиев Валерийрэ тепсэлъыхьащ Темыркъан Юрэ и фэеплъыр гъэлъэпlэным

Мазаем и 24-м жэщыр хэкlуэтауэ Урысейм и Президент Путин Владимир lущlащ Мариинскэ къэрал академическэ театрым и художественнэ унафэщl икlи и генеральнэ директор, Урысейм и Къэрал академическэ Театр иным и генеральнэ директор, Урысейм и Президентым деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ щыlэ советым хэт Гергиев Валерий.

ЩЫЗЭПСЭЛЪЫЛlЭМ Гергиев Валерий къэралым и унафэщlым жриlэжащ иджыблагъэ Налшык зэрыщыlар, дирижер щэджащэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа Темыркъан Юрэ и фэеплъ концерт абы зэрыщекlуэкlар:

- Дыгъуасэ сэ Владикавказ, вэсэмахуэ Налшык сыщыlащ. Куэд щlауэ сигу илъ lуэхугъуэм сыхэтащ - Налшык щыттащ Темыркъан Юрэ Хьэту и къуэм и фэеплъ концертышхуэ. Республикэм и lэтащхьэми сыlущlащ, дызэпсэлащ. Дэ и гугъу тщlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ щыпкъэм и цlэм хуэфэщэн театр Налшык зэрыщыlэнум. Сэ къызэрыслъытэмкlэ, зыхуэфащэ дэlэпыкъуныгъэ ягъуэтмэ, абы симфонием, оперэм, балетым хуэгъэпса lэмалхэри къыщызэбгъэпэщ хъунущ.

Путин Владимир къыхигъэщхьэхукlащ Юрэ Хьэту и къуэм и цlэмрэ абы и творческэ щlэинымрэ икъукlэ хуэсакъыу хущытыным мыхьэнэшхуэ зэриlэр.

- Абы и цlэр нэхъ щlэх-щlэхыурэ къиlуапхъэщ. Абы и цlэр мыкlуэдыжын тщlы зэрыхъунум егупсысын хуейуэ къызолъытэ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ар творчествэм къыхэнэнущ. Ауэ, сызэригугъэмкlэ, нэгъуэщl зыгуэрхэр иджыри щlэн хуейщ.

Гергиев Валерий жиlащ Петербург и театральнэ хьэблэр абы папщlэ щlыпlэ хъарзынэ зэрыхъунур, ар архитектурэкlи тхыдэкlи зэрыкъулейр:

- Зы lуэхущ унэ дахэм уеплъыныр, нэгъуэщlщ мыпхуэдэу щыжыпlэр: мыбы щеджащ... икlи къыбобжэкl абыхэм я цlэхэр. Псалъэм папщlэ, консерваторэм хуэдэу: Чайковскэм къиухащ жыпlэу уогупсыс занщlэу. Мис апхуэдэ щlыкlэкlи Юрэ Хьэту и къуэм мыбы щигъэкlуащ илъэс тlощlым щlигъу, и сабиигъуэри макъамэм щыхуэлэжьа илъэсхэри къапщтэмэ. Ар мыбы къэlэпхъуащ илъэс 12 е 13 и ныбжьу икlи псэуху Петербург щыlащ, нэхъыбэуи и зэманыр щигъэкlуар Театральнэ утыкум пэмыжыжьэущ: сабийхэр макъамэм щыхуагъасэ еджапlэм, консерваторэм, етlуанэ lэщlагъэу дирижеру щеджам, иужькlэ Ленинград филармонием и оркестрым, Мариинскэ театрым, Мравинскэм и оркестрым щыщыlам. Телъыджэщ, гъащlэ телъыджэщ.

- Сэ сызэреплъымкlэ, Владимир Владимир и къуэ, ди псалъэмакъыр зытеухуам и хэкlыпlэр езыр-езыру нэрылъагъу мэхъу. Сызэригугъэмкlэ, ар зыхуэзэн хуейр езым Петербург щызригъэщlыхуа щlыпlэрщ - консерваторэм, «илъэсипщl еджапlэм», Мариинскэ театрым дежщ - ар абы и гъащlэм и lыхьэшхуэ дыдэщ, къызэрымыкlуэу инщ.

Мы псалъэмакъыр зэрекlуэкlам щыгъуазэ хъуа нэужь, КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек МАХ-м щиlэ напэкlуэцlым иритхащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми къабгъэдэкlыу фlыщlэшхуэ яхузощl Путин Владимир Владимир и къуэмрэ Гергиев Валерий lэбисал и къуэмрэ, ди лъахэгъу щэджащэ Темыркъан Юрэ Хьэту и къуэм и фэеплъми ди республикэми апхуэдэу гуапэу къазэрыхущытым папщlэ.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым къыхалъхьа а жэрдэмыр икъукlэ гуапэщ икlи ди къэрал Лlыщхьэр ди дэlэпыкъуэгъуу ар зэрынэхъыфl дыдэм хуэдэу гъэзэщlа зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым».

Мэкъумэшыщlэхэм яхуэугъурлащ

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрым и къуэдзэ Разин Андрей Минводы къалэм и «Минводы Экспо» урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэ центрым щригъэкlуэкlащ Кавказ Ищхъэрэм и щlыналъэхэр гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьа зэlущlэ. Абы хэтащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министр Сыжажэ Хьэсэн икlи къэрихьэлlахэр щигъэгъуэзащ и нэlэ щlэт lэнатlэр нэгъабэ зэрехъулlамрэ мы гъэм къапщылъ къалэнхэмрэ.

МИНИСТРЫМ къыхигъэщащ илъэс блэкlар республикэм и мэкъумэшыщlэхэм зэрахуэугъурлар икlи ехъулlэныгъэфlхэр яlэу гъэр зэрикlар.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ къыщыщlагъэкlащ мэкъумэш продукцэу псори зэхэту сом меларди 126,7-рэ и уасэ е 2024 гъэм щыlа бжыгъэхэм процентi 103,7-кlэ хуэкlуэу», - жиlащ абы.

Мэкъумэш къэкlыгъэ нэхъыщхьэхэмкlэ КъБР-м къыщрахьэлlэжа гъавэм и куэдагъым хагъэхъуащ.

«Нобэкlэ, ди къалэн нэхъыщхьэр - къытпэщылъ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм тэмэму зыхуэдгъэхьэзырынырщ. Илъэс блэкlам бжьыхьэсэр едгъэкlуэкlащ щыlэ мэкъумэш-техникэ пlалъэхэм дытету. Бжьыхьэсэм хухэтха щlым и куэдагъыр гектар мин 55-рэ хъуащ. Жылэу хэтщlам и процент 80-м я щытыкlэм нобэкlэ дагъуэ яlэкъым, адрей процент 20-ми арэзы утехъуэ хъунущ», - жиlащ Сыжажэ Хьэсэн.

Республикэм и мэкъумэшыщlэхэм жылапхъэхэр, щlыгъэпшэрхэр, хущхъуэхэр, н.къ. зыхуагъэувыжа пlалъэхэм тету кърашалlэ.

«Мэкъумэш техникэр къэгъэщlэрэщlэжын лэжьыгъэри зэпыдгъэуркъым. Мы илъэсым зэрыщlидзэрэ трактору 20, абы щыщу 9-р лизингкlэ къэтщэхуащ. Зэлэжьыпхъэхэм ди нэlэ тедгъэкlыркъым, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэми абы пыщlауэ лажьэ lуэхущlапlэхэми пыщlэныгъэхэр яхудиlэщ, дызэдолажьэ икlи сыт и лъэныкъуэкlи дызэрощlэ. Догугъэ дунейм и щытыкlэнур зэран къытхуэмыхъуну, гъавэ бэв мы гъэми къыдэхъулlэну», - къыхигъэщащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КъБР-м и lэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-lуэхущlапlэм къызэритамкlэ

Зэпlэзэрытщ щытыкlэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэр къызэгъэпэщынымкlэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуlу зэхуэсым и зэlущlэ КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек иригъэкlуэкlащ.

ИЛЪЭС блэкlам зэфlагъэкlахэм, дызэрытым къапэщыт къалэнхэм ятеухуауэ зэlущlэм къыщыпсэлъащ къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыlэ Крючков Вячеслав. Щlэпхъаджагъэхэм япэщlэтыным, хабзэр къызэгъэпэщыным я lуэхур республикэм щызэпlэзэрытщ икlи ар зыхуэфащэ lэнатlэхэм я нэlэ щlэтщ. Щlэпхъаджагъэу ялэжьыр процентi 9,8-кlэ нэхъ мащlэ хъуащ, абыхэм ящыщу фадэ ефауэ е наркотик зрахьэлlауэ къаlэщlэщlэхэр процент 14,7-кlэ ехащ. Процент 27-кlэ нэхъ мащlэ хъуащ IT-м пыщlа хьэгъэщагъэхэр. Ялэжьа щlэпхъаджагъэу къыщlагъэщым я бжыгъэм хэхъуащ. Видеокlэ гъуэгухэм якlэлъыплъыну lэмал зэраlэм и фlыгъэкlэ, абыи нэхъ мащlэ щыхъуащ къэхъукъащlэ мыщхьэпэхэр - цlыхухэм фэбжь хьэлъэхэр щагъуэтхэр процент 14,7-кlэ, щыхэкlуадэхэр процент 28,6-кlэ.

Зэlущlэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ цlыху куэд къызрихьэлlэ зэхыхьэхэр щрагъэкlуэкlкlэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным пыщlа lуэхухэм.

Уэздыгъэкlэ, газкlэ, хуабэкlэ къызэрагъэпэщ

Ди республикэм и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек лэжьыгъэ lуэхукlэ хуэзащ УФ-м энергетикэмкlэ и министрым и къуэдзэ Конюшенкэ Пётррэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу КИФЩl-м щыlэм и къуэдзэ Надыктэ Владимиррэ. Къулыкъущlэхэр тепсэлъыхьащ электрокъарукlэ, газкlэ, хуабэкlэ lуэхущlапlэхэр, цlыхухэр къызэзыгъэпэщ lэнатlэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым адэкlи зыщегъэужьыным.

А lУЭХУГЪУЭХЭМ я гугъу ящlу, ахэр къытеувыlащ щlыналъэм и электрокъару, газ, хуабагъэ къэзыт lэнатlэхэм техникэ и лъэныкъуэкlэ яlэ щытыкlэм, ахэр егъэфlэкlуэн, коммунальнэ lуэхутхьэбзэхэр цlыхухэм яхуэзыщlэ lуэхущlапlэхэм ящыщ куэд зэгъэпэщыжын зэрыхуейм. А lуэхугъуэхэм ехьэлlауэ республикэм щагъэза-щlэ а lэнатlэхэр, промышленнэ lуэхущlапlэхэр дзыхь зыхуэпщl хъун хуэдэу я лэжьыгъэр зэтеублэным хуэщlа программэм къыщыгъэлъэгъуахэр. Зэlущlэм иджыри зэ щриплъэжащ а лэжьыгъэхэр зэрызэфlах щыlыкlэхэм.

КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек хьэщlэ лъапlэхэм фlыщlэ яхуищlащ ди республикэм къыхуащl гулъытэм папщlэ, абы къызэреблэгъари lуэхугъуэщlэ куэдым я щlэдзапlэ зэрыхъунур къыхигъэщащ.

Ди къуэш республикэхэм

Гъусэ Замир и къулыкъум пещэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Дзэ lуэху хэхам и ветеран Гъусэ Замир илъэс 19 ныбжьым иту и фlэфlыныгъэкlэ дэкlри, Мариуполь, Херсон щекlуэкlа зауэхэм хэтащ. Уlэгъэ хьэлъэ игъуэта нэужь, гугъу ехьу и узыншагъэр зэфlигъэувэжащ, «Хэкум и хъумакlуэхэр» фондыр и щlэгъэкъуэну. Унэм къигъэззэжри и къалэным мамыр гъащlэм щыпищащ.***

ИДЖЫ ар дзэ lуэху хэхам и ветеранхэм ядоlэпыкъу гъащlэм хэзэгъэжынымкlэ, абыхэм ехьэлlа социальнэ, нэгъуэщl lуэхухэр зэфlех, «Хэкум и хъумакlуэхэр» фондым пыщlащи.

2023 гъэм и фокlадэ лъандэрэ Замир Къэрэшей-Шэрджэсым и Цlыхубэ Зэхуэсым и депутатщи, дзэ lуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защlэгъэкъуэным гулъытэ хэха хуещl. Къинэмыщlауэ, абы «Авангард» центрым щрегъаджэ, къащlэхъуэ щlэблэр хэкупсэу, жэуаплыныгъэ яхэлъу гъэсэным ехьэлlауэ. Замир лlыгъэм и дерсхэр ирегъэкlуэкl, школакlуэхэм яхуозэ, форумхэм хэтщ, ветеранхэм ядоlэпыкъу мамыр гъащlэм я увыпlэ къыщагъуэтыжынымкlэ.

Зи щlалэгъуэ ветераныр лlыгъэм, пэрыту щытынымрэ Хэкум хуэпэжынымрэ я щапхъэщ.

Технопарк яlэнущ

АДЫГЕЙ. ***Куэшхьэблэ къуажэм къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын щыщlадзащ «Кванториум» иджырей сабий технопаркыр здэщыlэну унэр. Иджыпсту lэщlагъэлlхэм лъэгухэр ирах, блынхэр ятхъунщl, - къет ра-йоным и lэтащхьэ Хьэмырзэ Заур.***

ПСОРИ зыхуей хуэза иужь, «Кванториум»-м сабийхэм папщlэ къыщызэрагъэпэщынущ робототехникэ, геоквантум, хайтек-цех унэтlыныгъэхэм ехьэлlа дерсхэр икlи абыхэм иджырей 3D-принтерхэм ирилэжьэфу зрагъэсэнущ. Проектым ипкъ иткlэ еджакlуэ гупу 8 къызэрагъэпэщынущи, я ныбжькlэ зэщхьэщыкlхэу, ныбжьыщlэ 350-400-м щlэныгъэ щызыlэрагъэхьэнущ.

- Мы жэрдэмыр къэрал политикэм и унэтlыныгъэщ икlи щlыналъэхэм зегъэужьынымрэ цlыхухэм я гъащlэр егъэфlэкlуэным хуэпабгъэ «Урысей зэкъуэт» партым сыт и лъэныкъуэкlи зыкъыщlегъакъуэ, - къыхигъэщащ Хьэмырзэм.

Я зэпыщlэныгъэм зрагъэубгъу

АБХЪАЗ. ***Республикэм и премьер-министр Делбэ Владимир яхуэзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм Тамбов областым и къулыкъущlапlэу щыlэм и унафэщl Каспинский Андрей, щlыналъэм туризмэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Дзасохов Станиславрэ «Тамбов областым зегъэужьыным хуэунэтlа зэгухьэныгъэ» АО-м и генеральнэ унафэщl Сеструхин Максимрэ.***

ЗЭlУЩlЭМ щытепсэлъыхьащ Абхъаз Республикэмрэ Тамбов областымрэ щэнхабзэм, щlалэгъуалэ политикэм, сату зэхущытыкlэхэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыным ехьэлlа я зэфlэкlхэмкlэ зэдэгуэшэным.

Абы хэтащ Абхъазым экономикэмкlэ и министр Миквабие Теймуразрэ Сыхъум администрацэм и lэтащхьэм и къуэдзэ Сурманидзе Автандилрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэзэрыхуэныкъуэр зыхащlэ

Хэкум и хъумакlуэм и махуэм ирихьэлlэу Налшык къалэм и япэ модельнэ библиотекэм щагъэлъэгъуащ «По праву памяти: Живи! Создавай! Вдохновляй!» фильмыр. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ «Урысейм и уахътыншэ полкым» и щlыналъэ къудамэм, КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкlэ, связымрэ цlыхубэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ и министерствэм, щэнхабзэ жэрдэмхэмкlэ Президент фондыр я дэlэпыкъуэгъуу.

ФИЛЬМЫМ щытопсэлъыхь дзэ lуэху хэхам и къэхъугъэ дыджхэм, зауэлlхэм я лlыхъужьыгъэр гъуазджэм и lэмалкlэ къэзызгъэлъагъуэхэм. Фильмыр ятеухуащ гъуазджэ лэжьыгъэр, уэрэдыр, усэр, псалъэр псэхэлъхьэж зыхуэхъу цlыхухэм. Ахэр дзэ lуэху хэхам къулыкъу щызыщlэ сурэтыщlхэрщ, усакlуэхэрщ, а мафlэм пхыкlа зауэлlхэрщ. Фильмым къыхэщ лlыхъужьхэм ящыщщ зэуапlэм къыщыхъухэр зи сурэтхэм къыщызыгъэлъагъуэ, усэ зытх, зи щхьэгъусэм, зи адэм и письмо пэплъэ зэанэзэпхъур, зауэ уэрэдхэр бампlэдэхыу зэгъусэу зыгъэзащlэ, дзэ lуэху хэхам зи щхьэгъусэ щыlэ цlыхубзхэр, нэгъуэщlхэри.

«Урысейм и уахътыншэ полк»-м и щlыналъэ къудамэмрэ КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкlэ, связымрэ цlыхубэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ и министерствэм хъыбарегъащlэ lэнатlэхэмкlэ и къудамэмрэ я унафэщl Романовская Аннэ зэхыхьэм къекlуэлlахэм яжриlащ тхыдэр зи лъабжьэ, лlыхъужьыгъэкlэ гъэнщlа, зэуапlэм щыlэхэмрэ абыхэм ежьэхэмрэ гъуазджэм зэрызэпищlэм теухуа мыпхуэдэ фильмхэм мыхьэнэшхуэ зэраlэр.

Зэlущlэм къыщыпсэлъащ дзэ lуэху хэхам къулыкъу щызыщlа Назарчук Сергей. Абы жиlащ гъуазджэм зэрыпыщlар зэуапlэми мамыр гъащlэми сэбэп къызэрыщыхуэхъур.

- Дзэ lуэху хэхам ущыщыlэкlэ гугъуехь нэхъыщхьэр lэпкълъэпкъкlэ гугъу узэрехьыркъым икlи дзэ къулыкъум фэбжь зэрыхэпхыркъым, атlэ уи унагъуэм узэрыпыщlаращ, жып телефонкlэ нэхъ мыхъуми уепсэлъэну lэмал узэримыlэрщ, - жиlащ Сергей. - Аращ мыпхуэдэ lуэхухэм, фильмхэм я уасэр къыщlэлъытэгъуейр. Къулыкъу зыщlэ щlалэхэм, абыхэм я унагъуэхэм я дежкlэ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр лъапlэщ. Абыхэм я фlыгъэкlэ зауэлlхэм зыхащlэ я унагъуэхэр къазэрыхуэныкъуэр, я щlыналъэм къазэрыщыпэплъэр, текlуэныгъэр къызэрахьынур я фlэщ ящl.

- Хэкум и хъумакlуэ нэсхэм иджыпсту я къулыкъур ирахьэкl. Икlэщlыпlэкlэ Текlуэныгъэ къытхуахьу узыншэу, бэlутlэlуншэу я унагъуэхэм къахыхьэжынырщ абыхэм сызэрехъуэхъур, - жиlащ КъБР-м Лъэпкъ lуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщl Куэцэ Елбэрд.

Урысейм и щlыналъэ псоми фильмыр щагъэлъагъуэ. Иужькlэ хуейхэр абы щеплъыну lэмал яlэнущ Интернетым, «Урысейм и уахътыншэ полкым» и сайтым.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ •

Зи пшыналъэр мыбгъунлъэ

Зэгуэр Къылышбийхьэблэ, Агъэзэгъей, Къейсынхьэблэ, Хьэудкъуажэ, ГъукIэжьей жаIэу зэбгъэдэсу Налшыкыпсым и Iуфэм Iусыгъа жылитхум къахэплъэри, зы нанэ тхьэгурымагъуэ гуэрым жиIэгъат ахэр зэгъунэгъуми, унэгъу зэхуэзыщIын Iуэхугъуэ дахэ къазэрыхэхъухьынур. ЛIэщIыгъуэхэр дэкIри, къуажэ зэхуэхусыр лъахэм щекIуэкIащ, бгылъэхэм исаи, къуэладжэхэм дэсаи, псыхъуэхэм Iусаи къамыгъанэу зэхагъэхьэжащ. Iэпхъуамбитхум хуэдэу зэрыIыгъыу къекIуэкIа жылитхури зы къуажэу тIысыжащ, дыжьыныгъуэ Къылышбийхэ я цIэр фIащыжри. Мис а лъэхъэнэхэрщ ПащIэ Бэчмырзэ дунейм къыщытехьар.

ПАЩIЭ Бэчмырзэ ягу къагъэкIыжыну, къызэринэкIа гъащIэмрэ къыщIэна тхыгъэхэмрэ тепсэлъыхьыну иджыблагъэ цIыхушхуэ къыщызэхуэсащ абы и цIэр зэрихьэу Нартан къуажэм дэт музейм. НобэкIэ дунейм тетхэм мащIэ дыдэщ ПащIэр зыцIыхужу яхэтыр, ауэ абы и щIэиныр мылъкушхуэу къызэлъытэхэр куэд дыдэ зэрогъэхъу. ЗэIущIэм лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэм къищынэмыщIауэ, Iыхьлыхэр, къуажэдэсхэр, кулыкъущIэхэр къекIуэлIащ. Кхъэм лIауэ псэухэри щIэлъщ, псэууэ лIахэри щIэлъщ, жаIэ. Зэхуэс дахэм къигъэлъэгъуащ ПащIэ иджыри зэрыпсэур, ар цIыхубэм я джакIуэ нэсу зэрыщытыр, къигъэIуа пшыналъэри нобэми зэрымыбгъунлъар.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат, Нартан къуажэм щыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Хьэхъупащlэ Анзор, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил, тхыдэдж, гупсысакIуэ, тхакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI БищIо Борис, КъБР-м и цIыхубэ артист Къуэдз Михаил, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЗэрамыщIэ Заретэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсыр псалъэ гуапэкIэ къызэIуихащ ПащIэ Бэчмырзэ и музейр зезыхьэ, уэрэджыIакIуэ ПащIэ Ленэ. Iуэхугъуэ дахэм кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIри, абы къыхигъэщащ Бэчмырзэ дапщэщи гъуазэу лъэпкъым зэриIэнур, абы и цIэр кърaIуэху, и псалъэ купщIафIэхэми кIуэд зэрамыIэнур.

- Дыкъыщызэхуэса музейр дуней фIыгъуэу къызолъытэ, сыту жыпIэмэ мыбдежщ лъэпкъым и набдзэ ПащIэм къыщIэна мащIэ тIэкIур щахъумэр. Абы къыдэкIуэу, мы унэращ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр зи гумрэ зи псэмрэ дыхьэ цIыхухэр къыщызэхуэсыр, абы и усыгъэм хэлъ нэщэнэхэр зэпкърахыу уэршэр дахэхэр щрагъэкIуэкIыр. Дадэр дунейм зэрехыжрэ илъэс 90 ирокъу мы махуэхэм. Музейр къыщызэIутха махуэм къыщегъэжьауэ щIагъуэ дэмыкIыу зэхызох, си щхьэкIи срохьэлIэ ПащIэм и усыгъэхэм зи гъащIэм щIэщыгъуэ хилъхьауэ, зыхэт гукъеуэхэр щхьэщихауэ жызыIэ куэдым. Ар фIыгъуэшхуэщ. Абы къегъэлъагъуэ усакIуэм и къалэмыпэ къыщIэкIа усэхэм лъэхъэнэм и нэпкъыжьэ ятелъми, щIэблэхэм я деж зэрынэIусыр, гъащIэм и къэхъугъэ куэдым жэуап яриту къызэрыгъуэгурыкIуэр. Аращ ПащIэм и цIэр уахътыншэ зыщIыр. Адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъам и фэеплъ махуэм хэтыну мурад зыщIу кърихьэлIахэм фIыщIэ фхузощI, – жиIащ ПащIэ Ленэ.

АдэкIэ хьэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху, композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил.

- Си адэшхуэм и цIэр дапщэрэ кърамыIуэми, си гур хохъуэ, сыщогуфIыкI, ин сыщIохъукI. Иджырей гъащIэр къызэрымыкIуэу зэхэмыбзщ. БлэкIам ухуеплъэкIыжмэ, нобэрей дунейм и кIэн къикIынукъым – хабзэшхуэрэ цIыхугъэшхуэрэ щызэрахьащ. Ахэращ щапхъэу къэтлъытэри, дыхущIокъу ди щIэблэр нэхъыфIым щIэтIыкIыну, ауэ дызэмыхъулIэхэри мащIэкъым. Глобализацэр Iуэхушхуэщ. Ауэ абы къикIыркъым гъуазэ къэплъыхьуэн хуэмейуэ. ПащIэм и усыгъэр апхуэдэ защIэщ. Ахэр уахътыншэ зыщIыр лъэхъэнэ кIыхькIэ адыгэхэм къакIуа гъуэгуанэм щызэхуахьэса философиекIэ зэрыузэдарщ, дэтхэнэ цIыхуми и гум къиштэн, и псэм дыхьэн гупсысэхэр зэрыхилъхьарщ. ПащIэр гуфIэм дэгуфIэу, гъым дэгъыу уса къудейкъым, ар зытет дунейм и жыыбгъэмкIэ бауэрт, абы и кIуапIэхэр илъагъурт, ар къезыхьэкI нэрымылъагъу толъкъунхэр зыхищIэрт. Аращ ар щIэгъащIэ кIыхьыр, кIуэдыж щIимыIэр. Зи Iуэху къэзыгъанэу мы зэхыхьэ гуапэм зыкърезыгъэхьэлIахэм фIыщIэ фхуэфащэщ! ГуфIэгъуэ куэду Тхьэм къывит! Нобэ хуэдэу гъащIэр фIыуэ тлъагъуу, лъэпкъыр дызэкъуэту Тхьэм дигъэпсэу! – жиIащ ХьэIупэм.

Псалъэр адэкIэ зрата Хьэхъупащlэ Анзор къыхигъэщащ ПащIэ Бэчмырзэ нартандэсхэм я мызакъуэу, зэрыадыгэу зэрыгушхуэ цIыху инхэм ящыщми, ар псоми япэ Нартан жылэм и быну зэрыщытыр, абы и цIэм къуажэр бжьыфIэ зэрырихъур.

- УсакIуэфIхэри тхакIуэфIхэри мымащIэу щыIэщ, ауэ ПащIэ Бэчмырзэ хуэдэ щыIэкъым. Ар сытми япэщ. Япэ итыр лъэпощхьэпо куэдым ебэкъуэн хуей мэхъу. IуэрыIуатэбзэм имызагъэу тхыгъэбзэкIэ зи гурыщIэхэр къэзыIуэта нэхъыжьыфIыр лъэпкъым илъэс минхэм къыдекIуэкIа IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ лъэмыж яхуэхъуащ, и гум къиIукI пшыналъэр мыкIуэдыжын папщIэ, тхылъымпIэм иригъэкIуащ, езым алыфбей зэхилъхьэри, псалъэ зэгъэпэщар нэхъапэкIэ лIыгъэм, хахуагъэм, хэку лъагъуныгъэм теухуауэ щытамэ, абыхэм цIыху къызэрыкIуэм и гум щыщIэ гурыщIэ зэщымыщхэри къиIуатэ хъуащ. ПащIэ Бэчмырзэ дапщэщи цIыхубэм я телъхьэти, ар зыгъэгуфIэри зыгъэнэщхъейри зыхищIащ икIи пэджэжащ. Аращ ар дигу щIимыхунур. ПащIэр фIыуэ зылъагъухэм сыт хуэдэ Iуэхури зрагъэтIылъэкIрэ мы къуажэм нэс къызэрыкIуэфыр дапщэщи гъэщIэгъуэн сщохъу икIи гуапагъэу къызолъытэри, дадэм и махуэр зэрылъэпкъыу, зэрыжылэу махуэ тхуэхъуну си гуапэщ, – жиIащ ХьэхъупащIэм.

Абы иужькIэ ПащIэ Ленэ хьэщIэхэр музейм иригъэблэгъащ, зеригъэплъыхьащ, къахэхъуахэм я хъыбар зыбжанэ къахуиIуэтащ. Апхуэдэу куэдым гъэщIэгъуэн ящыхъуащ Бейтыгъуэн Сэфарбий зэбгъэдигъэува гупсысакIуэхэм усакIуэри зэрахэтыр: Сократ, Синоп щыщ Диоген, Конфуций, ПащIэ Бэчмырзэ. УеплъынкIэ гухэхъуэр зы Iуэхут, ауэ лIыфIым игу къэкIым адыгэ гупсысэкIэри дуней гупсысэкIэм и зы Iыхьэу къызэрилъытэм узэщIиIэтэрт, щытыкIэ гъэщIэгъуэным уригъэувэрт.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и гъэсэнхэм. Ахэр зыгъэхьэзырар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Къурашэ Эммэщ. Сабийхэр ПащIэ Бэчмырзэ и усыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэм къеджащ, теплъэгъуэ псо ухэплъэм ещхьу, ахэр зэрызыхащIэр къахэщу загъэхьэзырат.

ЗэрытщIэщи, гъащIэр псыежэхым ещхьщ, къызэтеувыIэркъым, къызэплъэкIыркъым, зыми ежьэркъым. Адыгэ усыгъэм и псыпэхэш ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр лъэпкъым и вагъуэ мыкIуэсэжщ, гъуэгугъэлъагъуэщ. ЦIыху лъапIэныгъэхэр и пшыналъэм ежьу зэрыхуищIам щхьэкIэ, ар игъащIэкIэ бгъунлъэнукъым, кIуэдыжи яIэнукъым.

ШУРДЫМ Динэ.

Арэзы къещI

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам Налшык къалэ дэт амбулаторэ, стоматологие поликлиникэ зыбжанэм щыIащ, абыхэм цIыхухэм щрат дэIэпыкъуныгъэхэм я фIагъыр зыхуэдэм зыщигъэгъуэзэн папщIэ.

МИНИСТРЫМ зригъэлъэгъуащ IэнатIэхэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр, ахэр къызэрызэгъэпэща Iэмэпсымэхэм я щытыкIэр, абыхэм къекIуалIэ цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр. Абы къыхигъэщащ стоматологие пэшхэм я лэжьыгъэр тэмэму къызэрызэгъэпэщар, зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ псори ирикъуу зэраIэр.

Къалэм дэт стоматологие поликлиникэ №2-р иджыблагъэ зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ, абы Iэмэпсымэщlэхэр щIагъэуващ, апхуэдэуи къыщызэIуахащ бжыгъэ технологиехэр къагъэсэбэпу дзэм ирахьэлIэну пкъыгъуэхэр щащIыну лабораторэ.

● Узыншагъэ

Апхуэдэу Къалэбатэ Рустам щыIащ Прохладнэ дэт стоматологие поликлиникэми. Къалэ администрацэм и унафэщI Кожухов Кирилл и гъусэу абы къипщытащ мы зэманым IуэхущIапIэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрыщекIуэкIыр. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIагъэкIащ: бжэ-щхьэгъубжэхэр инженер коммуникацэхэр, зэрахъуэкIащ. Мы зэманым унэм и кIуэцIыр зыхуей хуагъазэ. Рентген щащI пэшымрэ медицинэ Iэмэпсымэхэм я къабзагъэм щыкIэлъыплъ къудамэмрэ папщIэ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр къащэхуащ. АдэкIи поликлиникэм и пэшхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщынум иужь итынущ.

IуэхущIапIэм къегъэщIылIа щIыналъэр къалэ администрацэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ зэIузэпэщ ящIынущ, абы къекIуалIэ машинэхэм щыпIэ щхьэхуэхэр хухахынущ.

Министрым къыхигъэщащ лэжьыгъэхэр зыхуей хуэзэу зэрырагъэкIуэкIыр икIи жиIащ Прохладнэ районым щыпсэухэм фIагъ зиIэ стоматологие дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтынымкIэ IуэхущIапIэр къызэрагъэщIэрэщIэжым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Куэд зылэжь, куэд къохъулIэ

Адыгэбзэм, лъэпкъ щэнхабзэм, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным папщIэ зи къарурэ зэманрэ емыблэж цIыхум гуапагъэрэ фIыгъуэу къимылэжь щыIэу си фIэщ хъуркъым. Жэщи махуи ди бзэгупэм пылъ Iуэху къыинхэм тепсэлъыхь къудейуэ къэмынэжу, абы хэлэжьыхь, хэлъыфIыхь, зи гуащIэ щымысхьыж IэщIагъэлIхэм яхузэфIэкIым и уасэр къэлъытэгъуейщ. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэхэм ящыщ, зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур зыгъэлъапIэ тхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, Кавказым щыпсэу тхакIуэхэм я клуб, Гуртуев Сэлихь и цIэр зезыхьэм, хэт «Талант» щIэныгъэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къудей (КъуэщIысокъуэ) Фаридэ Малил и пхъур.

АР 1961 гъэм мазаем и 23-м Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ (Абзыуанхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Фаридэ щеджащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. Урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ сабийхэр дригъэхьэхыу, и щэхухэм щыгъуазэ ищIу илъэс тIощIрэ бгъукIэ еджапIэ зыбжанэм щылэжьащ, абы щыщу илъэс пщыкIубгъур Аруан куейм и курыт еджапIэхэм. Зи щIэныгъэм сытым дежи хэзыгъахъуэ Къудейм 2019 гъэм къиухащ Волгоград къалэм дэт Академиер, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щригъэджэнуи хуитыныгъэ иIэ хъуащ. Фаридэ ирагъэблагъуэрэ лекцэ къыщоджэ Краснодар щIыналъэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш республикэхэм, а щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ я департаментхэм, методикэ центрхэм ядолажьэ. Апхуэдэуи, мызэ-мытIэу хэтащ бзэм теухуа щIыналъэ зэхуаку конференцхэу Иорданием, Тыркум, Мейкъуапэ, Черкесск, Налшык щекIуэкIахэм, литературэ фестиваль куэдым.

Зи гугъу тщIахэм къадэкIуэу Къудей Фаридэ тхылъ тхыным, зэхэгъэувэным, къыдэгъэкIыжыным дехьэх, и къару, зэман куэд абы трегъэкIуадэ. Ар урысыбзэми адыгэбзэми зэхуэдэу хуэшэрыуэщ, и тхыгъэхэр а бзитIымкIи дунейм къытохьэ. Я цIэ къиIуапхъэщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Чэрим теухуа «Черим: дарю добро» (2013. 2015 гъэм Тыркум къыщыдэкIащ тыркубзэкIэ зэдзэкIауэ), «Один день из жизни Аслана Тхакушинова. Стоик» (2017), Къудей Фаридэ, Бэджокъуэ Беллэ, Маржэхъу ФатIимэ, ХьэщIэлI Заирэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэр зэрыхуа «Точка кипения» (2019), «Позитивный Нальчик» с Зубером Ципиновым» (2022) тхылъхэм, «Си псэм и хэщIапIэ» (2019) романым, 9-нэ классхэм папщIэ «АдыгэбзэкIэ допсалъэ» егъэджэныгъэ-методикэ тхылъ зэрыIыгъхэм (2024), нэгъуэщIхэми. Апхуэдэуи Фаридэ и къалэмыпэм къыщIэкIащ «Сиреневый дождь», «Моя Райтида» повестхэр, «Все смешалось в доме Эмилии» пьесэр, «Книга судьбы Асламбека Тугузова» тхылъыр, Хэку зауэшхуэм хэтахэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къудейм и IэдакъэщIэкIхэр республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми къыщыдэкI журналхэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи мызэ-мытIэу къытехуащ. Псалъэм папщIэ, 2014 гъэм «Ронде» сабий журналым тетащ «Все смешалось в доме Эмилии» повестыр, «Iуащхьэмахуэ» журналым 2022 гъэм къыдэкIа и ещанэ номерым къытрадзащ «Си псэм и хэщIапIэ» романыр, Дагъыстэным 2024 гъэм къыщыдэкIа «Антология Клуба писателей Кавказа» тхылъым ихуащ Фаридэ и «Камень и цветы» тхыгъэр, «Судьба» Iуэтэжыр 2025 гъэм къыдэкIа «Открытая исповедь» литературно-художественнэ альманахым итщ. Кавказым щыпсэу тхакIуэхэм я клубым нэгъабэ къыдигъэкIа «Цветы и камни» тхылъми и напэкIуэцIхэм ящыщ хухахащ Фаридэ и IэдакъэщIэкIхэм.

Зи гугъу тщIа тхыгъэхэм нэмыщI, Фаридэ и статьяхэр, тхыгъэхэр Налшыки Мэзкуу и къыщыдэкI журнал зэхуэмыдэхэм къытрадзащ. Апхуэдэхэр утыку кърахьащ КъБР-м и РИА хъыбарегъащIэ IэнатIэм, «Кабардино-Балкарской правда», «Баксанский вестник» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ» журналхэм. Псом хуэмыдэжу гуапэщ Шэшэн Республикэм къыщыдэкI «Вайнах» литературэ журналым Къудейм и тхыгъэу 6 къызэрытехуар. Ахэр ящыщщ шэшэныбзэкIэ зэрадзэкIа IэдакъэщIэкI 18-м.

Иджыпсту Фаридэ йолэжь дуней псор зыгъэгузавэу Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм хэтхэм, абы лIыгъэ къыщызыгъэлъагъуэхэм ятеухуа тхылъ зэхэгъэувэным.

● ДифI догъэлъапIэ

Къудейм и къару ирехьэлIэ ди адыгэ тхакIуэ щэджащэхэм я тхыгъэхэр къыдэгъэкIыжыным, утыку къихьэжыным. Апхуэдэу, Фаридэ и фIыгъэкIэ, 2016 гъэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIыжащ МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъ гъуэзэджэр. А гъэ дыдэм дунейм къытехьэжащ «Нарт эпосыр». Мэлбахъуэ Елбэрд и «Страшен путь на Ошхамахо» романыр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи къыдэкIыжыным (2019-2020) и къару ирихьэлIащ.

Фаридэ и фIыгъэщ щIэджыкIакIуэ цIыкIухэм яхуэгъэза «Сабий» журналыр 2013 гъэм япэу дунейм къызэрытехьар (номеритху къыдэкIащ). А лэжьыгъэм къыпищащ «Ronde» («Вместе») сабий журналымкIэ (2014-2015 гъэхэм номериплI къыдэкIащ).

«Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ курыт еджапIэм» газетым и номерий 2018-2019 гъэхэм къыдэкIащ; адыгэбзэр езыгъэджхэм яхуэгъэза «Тхьэгъуш» художественно-методикэ журналым и номериплI игъэхьэзырахщ. «Рекламный калейдоскоп» журналыр, «Рекламный калейдоскоп» газетыр, «Звезды Северного Кавказа» жыхуиIэхэр 2013-2014 гъэхэм дунейм къытехьащ. 2023-2024 гъэм Къудейм тхылъеджэхэм я пащхьэм ирилъхьащ «ЛИФФТ Адыгея», «Литературная студия Фариды Кудаевой» журналхэр. «Мы горской песни два крыла» фIищауэ, 2023 гъэм Фаридэ иригъэжьа проектщ «Литературная студия Фариды Кудаевой» журналыр.

Къэралым и литературэ Iуэхум ар зэрыхэлэжьыхьам къызэщIеубыдэ адыгэ-шэрджэс, къэрэшей-балъкъэр литературэхэр ди цIыхубэм зэрахихьэр, ахэр нэгъуэщI щIыпIэхэми хэIущIыIу зэрыщищIыр. Ди тхылъ тедзапIэхэм, типографиехэм дунейм къыщытехьэ IэдакъэщIэкI зэмылIэужьыгъуэхэр езым и мылъкукIэ къищэхуурэ библиотекэхэм щIелъхьэ, цIыху нэхъыбэ щыгъуазэ хъун хуэдэу.

Съездхэм я Кремль уардэунэм щекIуэкIа 25-рэ Православнэ Соборым хэтащ Фаридэ икIи абы къыщаIэта Iуэхухэм (УФ-м и Президент Путин Владимир, Москварэ Урысей псомрэ я патриарх Кирилл я къэпсэлъэныгъэхэм) зыубгъуауэ тетхыхьыжри щIэджыкIакIуэхэр щигъэгъуэзащ.

ГуащIэм фIыщIэ пылъщ жыхуаIэращи, Къудей Фаридэ и лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. Абы къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр. Абыхэм ящыщщ Лермонтовым и цIэр зезыхьэ урысейпсо комитетым Кулиев Къайсын и цIэкIэ игъэува медалыр, Краснодар щыщ режиссёрхэу Нэгъуей Светланэрэ Инверрэ я «Капелька слёз природы» фильмым хуитха сценарийм папщIэ, эколог-волонтёр ЦIыпIынэ Зубер теухуа тхылъым щхьэкIэ къратар. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным и гуащIэ зэрыхилъхьам папщIэ къыхуагъэфэща, Гуртуев Берт и цIэкIэ ягъэува медалыр, ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум папщIэ ящIа дыщэ медалыр, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа «Открытая исповедь» литературэ зэхьэзэхуэм и лауреат зэрыхъуамкIэ тхылъыр, нэгъуэщIхэри.

Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и «СЛОВО-2024» литературэ саугъэтымрэ абы и дипломымрэ къыхуагъэфэщащ Фаридэ, къэралым и литературэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтым, и жылагъуэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм папщIэ. Тыгъэр къыщыхуащIым, шэч хэмылъу, къалъытащ Къудейм литературэ зэхуэс куэд – фестивалхэр, литературэ еджэныгъэхэр, школым щIэсхэмрэ студентхэмрэ зыхэт зэIущIэхэр – зэрыригъэкIуэкIыр, нэгъуэщI щIыналъэхэм, псалъэм папщIэ, Ставрополь краим, Дагъыстэн, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм щызэхашэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтар. ЦIыхубэм и псэкупсэ къулеигъэр гъэбэгъуэжыным теухуауэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI Iуэхухэми и лэжьыгъэрэ и псалъэрэ хилъхьащ.

Саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэм щратыжу Москва щекIуэкIа зэIущIэм къыщыхагъэщащ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм гурэ псэкIэ хуэлажьэ цIыхуу Къудей Фаридэ зэрыщытыр, союзым хэту Москва щыпсэухэм нэхърэ нэхъ псынщIэу, нэхъ жыджэру сыт хуэдэ Iуэхури зэрызэфIихыр. Абы къегъэлъагъуэ пщэрылъ щащI е езым къалэн зыщыщIиж дэтхэнэ зы лэжьыгъэми зэрыпэлъэщын зэфIэкI, щIэныгъэ, гудзакъэ зэриIэр.

ФIыщIэ, щIыхь тхылъ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ Осетие Ищхъэрэ – Алание Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым, Кавказым ис тхакIуэхэм я клубым, нэгъуэщIхэми къабгъэдэкIыу.

Фаридэ хэтащ Лъэпкъхэм я унэу Владикавказ дэтым анэдэлъхубзэхэм теухуауэ къызэригъэпэща конференцым. Адыгэ, балъкъэр литературэхэм я классик ЩоджэнцIыкIу Алий, Гуртуев Берт, КIыщокъуэ Алим сымэ я гуащIэм теухуа «Шогенцуковские чтения», «Гуртуевские чтения», «Кешоковские чтения» Iуэху дахэхэм я жэрдэмщIакIуэр Фаридэщ. Тхылъеджэхэмрэ къыдэлажьэхэмрэ хэту, «Монолог Фариды Кудаевой» фIищауэ зэIущIэ зыбжанэ щыIащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, район IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, библиотекэхэм щызэхэтащ. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ Грознэ къалэм щекIуэкIа «Памыть Победы» фестивалми Къудейм и псалъэ щыIуащ.

ЖытIахэм куэд къыпхупыщэнущ иджыри Къудей Фаридэ и зэфIэкIым, и Iэ къызыпекIуэкIым, и гуащIэм теухуауэ. Ауэ дыкъызыхуэкIуэжыр зыщ: уи щэнхабзэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, жылагъуэ къызыфIэIуэху, абыхэм я зыужьыныгъэм папщIэ зи мылъкуи къаруи емыблэж цIыхум хуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэкъыми, узыншагъэрэ гукъыдэжрэ щымыщIэну, гугъуехь псоми пэлъэщу, зыхуэпабгъэ псори къыдэхъуу куэдрэ лъэпкъым ар хуэлэжьэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

НэгъуэщI хэкIыпIэ иIакъым

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий жиIащ дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкI зэманым къриубыдэу Путин Владимир жылагъуэр нэхъри къызэрыкъуэувар.

«УРЫСЕЙМ дунейм къыщыхъу куэдым нэгъуэщI еплъыкIэ хуиIэ хъуащ, дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкI илъэсиплIыр къэралым и тхыдэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Урысейр адэкIи кIуэнущ», - яжриIащ абы журналистхэм, а Iуэхум къэралымрэ абы и цIыхухэмрэ зэрихъуэжам и гугъу щищIым. Абы къыхигъэщащ а илъэсхэр игъащIэкIэ цIыхухэм я гум къызэринэнур.

Президентым къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхар Iэмалыншагъэу зэрыщытыр, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным щынэсым Урысейм нэгъуэщI хэкIыпIэ зэримыIар.

Iэщэ шынагъуэм и IуэхукIэ

УФ-м и къэрал щIыб тIасхъэщIэх IэнатIэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, Великобританиемрэ Франджымрэ ядернэ Iэщэр Украинэм иратыну загъэхьэзыр. Европей къэралхэм къалъытэ Киев Iэщэ шынагъуэр къыIэрыхьэмэ, абы и Iуэхур дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм нэхъ щыдэкIыну.

«ХъыбарыщIэхэр» РИА-м и журналистым а хъыбарым теухуа и еплъыкIэр кърагъэIуэтэну зыхуигъэзащ Китай ЦIыхубэ Республикэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэ Нин Мао.

«Сэ а Iуэхум сыщыгъуазэкъым. КъапщтэмэКитайм сытым дежи жеIэ ядернэ Iэщэр къэгъэсэбэпыным, ядернэ зауэр къэгъэхъуным щытыкIэр нэбгъэс зэрымыхъунур. Апхуэдэуи ди къэралыр и телъхьэщ а Iэщэ лIэужьыгъуэм земыгъэубгъунымкIэ дунейпсо хабзэхэр фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейм», - жиIащ абы.

Мазаем и 26, *махуэку*

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ **Щауэ Къалидар**.
♦ **1953 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщI, IуэрыIуатэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **ГъукIэ Замудин**.
♦ **1965 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлэдж Тимур**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр зы градус щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Мазаем и 27, *мэрем*

♦ **1945 гъэм** Мэсей Аслъэнджэрий «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.
♦ **1941 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Гъуэт Хъусин**.
♦ **1958 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ДАХ-м и вице-президент **КIэкIыхъу Мэжид**.
♦ **1973 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **КъумпIыл Мурат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градус 0 - 1, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 25-рэ. Абыхэм ящыщу 18-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 600, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1395-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
Къуэш егъу нэхърэ - ныбжьэгъуфI.

● Фэеплъ

Лъэпщым дзыхь ирагъэзырт

Дзэ Iуэху хэхам и къалэн щигъэзащIэу хэкIуэда лейтенант Лъэпщ Заур и фэеплъ пхъэбгъу къыщызэIуахащ Кыщпэк къуажэм дэт КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм.

А IУЭХУМ хэтащ Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Iэдиб, Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм я дзэ комиссар, Лъэпщ Заур и классэгъуу щыта ШыкIэбахъуэ Алим, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуээда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Бахъсэн район жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI БжыкIший Руслан, лIыхъужьым и Iыхьлыхэмрэ благъэмрэ.

Лъэпщ Заур 1982 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м Кыщпэк къуажэм къыщалъхуащ. Абы школыр къыщиухри, дзэм ирадэжащ икIи Урысей МВД-м и къэрал кIуэцIыдзэм къулыкъу щищIэщ. Командир нэхъыщIэхэм я «Выстрел» курсхэм пхыкIри, лейтенант нэхъыщIэ цIэр къыфIащащ. Абы офицер контрактыр иухри, и къуажэм къигъэзэжащ. Заур экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ, лэжьакIуэшхуэу, цIыху нэсу зэрыщытыр, жэуаплыныгъэр зэрызыхищIэр къигъэлъагъуэу.

Дзэ Iуэху хэхам щыщIидзам ар аргуэру къулыкъум хыхьэжащ, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэри икIи Донецк ЦIыхубэ Республикэм ягъэкIуащ. ЕбгъэрыкIуэ взводым и командиру къалэн хьэлъэхэр игъэзэщIащ. Къигъэлъэгъуа лIыгъэм, и хахуагъэмрэ зи унафэщI гупым и пщэрылъхьэр тэмэму зэфIигъэкIамрэ къапэкIуэу Жуковым и медаль кърататат. Къулыкъу къыдезыхьэкIахэм ягу къакъэкIыж ар цIыху зэщIэкъуауэ икIи дзыхь зыхуащI унафэщIу зэрыщытар, езыр хэкIуэдэнкIэ шынагъуэ щыIэми, уIэгъэ хъуа и ныбжьэгъухэр къегъэлыным, хэкIуэдахэр губгъуэм къихыжыным зэрыхэтар.

2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м Лъэпщ Заур зауэм хэкIуэдащ. Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ абы ЛIыгъэм и орден къыхуагъэфэщащ (мыпсэужу).

Фэеплъ пхъэбгъур къызэIухыныр хуит хуащIащ Абрэдж Iэдибрэ Заур и къуэш, дзэ Iуэху хэхам хэта Лъэпщ Ислъамрэ.

Лъэпщ Заур Мухьэмэд и къуэм и цIэр мыкIуэдыжыну къыхэнэнущ щалъхуа къуажэм, районым я тхыдэм, и хэкуэгъухэм я гум илъынущ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Политикэмрэ спортымрэ зэхагъэзэрыхьрэ?

Мазаем и 6-22-хэм Италием щекIуэкIащ щIымахуэ Олимп джэгухэр. Апхуэдэ зэпеуэшхуэхэм къыщыхъу хабзэншагъэм ину зэрытепсэлъыхьыфым фIэкIа хэмытами, икъукIэ Iуэху щхьэпэ илэжьащ интернетыр къэзыгупсысам.

АТIЭ, Урысей Федерацэм къыбгъэдэкIыу Олимп джэгухэм хэтахэм ящыщщ Гуменник Петр. А дауэдапщэм кIэлъыплъа цIыху мелардхэм ялъэгъуащ Петр япэ увыпIэр къыхуагъэфэщэн хуэдэу зэрызыкъигъэлъэгъуар. Арами, дагъуэншэу къэфа щIалэр 6-нэ увыпIэм ирагъэкIуэтэхри, джэла, лъэпэрэпа, зы джэрэз зыхуримыкъуа спортсменхэм япэ увыпIэхэр трагуэшащ. Ар, дауи, Гуменник дэщIхэми, къэпщытакIуэхэми, хамэ къэрал хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэми, блогерхэми яIэщIэкIакъым, щхьэж хуэфащэри къипсэлъащ, ауэ зыри къикIакъым – Урысейм и лIыкIуэм лей къытехьащ. Зэрыгурыгъуэгъуэщи, абы дунейпсо псалъэмакъ къикIащ.

ПлIэ зигъэкIэрэхъуами, къабзэу къэфами, артистизм и лъэныкъуэкIэ жыжьэрэ-гъунэгъу зы хьэрхуэрэгъу имыIами, къэхъуар къэхъуащ.

Абы и закъуэкъым... Зэпеуэр зэфIэкIа нэужь зэхашэж концертым Петр ирагъэблэгъакъым. Ауэ, абы куэдкIэ къыкIэрыхуа спортсменхэр абы къыщагъэфэну къащыгъупщакъым къызэгъэпэщакIуэхэм.

КъэхъукъащIэр нэхъ кууэ зэпкърыпхыну яужь уихьэмэ, ухуей-ухуэмейми япэу къыдрихьейр зыщ – урысхэр фIыуэ къалъагъуркъым, ираудыхыну хэтщ. Спортым и хабзэр къапщтэрэ, гупсысэн щIэбдзэмэ, зыгуэрхэр наIуэ къохъу. Псалъэм папщIэ, гала-концертым ираджэр спортым куэд щIауэ хэт, цIэрэ щхьэрэ зиIэу дуней псом къыщацIыху спортсменхэрщ. Петр – щIалэщIэхэм, ныбжьыщIэхэм къахэкIри, балигъхэм яхыхьагъащIэщ. ЕтIуанэрауэ, нэхъапэIуэкIэ текIуэныгъэшхуэ имыIауэ, рейтингым хэмытауэ нэсри, кIуэрыкIуэм тету 6-нэ увыпIэр къихьэхуащ. Ар ехъулIэныгъэшхуэщ.

И кIэ дыдэм еIэбыхыу, щхьэ итальян спортсменыр ираджа-тIэ концертым? Мыбдежым мыр тегъэщIапIэ пщIы хъунущ - Олимп джэгухэр щекIуэкI къэралым щыщ спортсменхэр гала-концертхэм ираджэ хабзэщ, нэхъыкIэ дыдэу зыкъагъэлъэгъуами. Сыту жыпIэмэ, цIыхухэм фIыуэ ялъагъу, зэса, яцIыху я спортсменхэр утыку къыщихьэкIэ, нэхъ Iэгуауэшхуэ хуаIэт, я гукъыдэжым хохъуэ. Ауэ, Франджым щыщ Сяо Хим Фа Адам, псалъэм папщIэ, Италием щыщкъым, увыпIэ щIагъуи къылъысакъым (7-нэ), щхьэ ар ираджа концертым жыпIэмэ, мыбы и Iуэхур нэхъ тыншщ – ар Европэм тIуэнейрэ и чемпионщ, дуней псом и фигурист нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэрти, пщIэ къыхуащIащ.

4-нэ увыпIэр къэзыхьа корее спортсмен Чха Чжун Хван утепсэлъыхьмэ, Iуэхур куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ - Петр хуэдэу джэрэзиплIыр блэнейрэ къимыгъэлъэгъуами, ар щIалэ гуакIуэщ, дахэщи, цIыхухэм фIыуэ ялъагъу...

Олимп джэгухэм щащI унафэхэм гупсысэ укъуэдиярэ пэжыгъэрэ ущымылъыхъуэми хъунущ, ахэр гъэщIэгъуэныщэу зэхэджащ. Десэжын хуейт куэд щIауэ. Арами, Урысейм къытралъхьа санкцэхэм яжь спортым щIихуу къыщыпщыхъукIэ, захуагъэ дунейм темыту къыпфIощI. Дигу иридгъэфIыжыну къэдвгъэщIэж Канадэм щыщ Гоголев Стивен ирапэсар – ар урыскъым, 5-нэ увыпIэри къихьат, ауэ ари концертым ираджакъым.

Апхуэди къохъу, нэхъ Iеижи щыIэщ. Мыбдеж гу зылъытапхъэр нэгъуэщIщ – Петр а зэпеуэхэм къикIыжащ нэгъуэщI цIыхуу: и цIэр ину игъэIуащ, зигъэлъэгъуащ, закъригъэцIыхуащ, зыхэта псалъэмакъым Iущыгъэ хихащ, дяпэкIэ къыпэщылъ зэпеуэхэм тегушхуауэ хэтынущ. ИкIи быдэу ди фIэщ мэхъу, гала-концерт Iэджэми къыщыфэнщ Гуменник иджыри!

● Ди щIыналъэм

Налшыкыпсым узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр игъэхъужырт

Илъэси 100 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ Налшык къалэ и щIыуэпсыр зыхуэбгъэдэн щымыIэу сэбэпу зэрыщытар фIэщщIыгъуейщ. 1922 гъэм абы и ГъэзэщIакIуэ комитетым къыдигъэкIат «Кабардинская автономная область: к 1-й годовщине автономии» зыфIаща тхылъыр. Абы итащ «Налшыкыпсым и сэбэпынагъыр» жыхуиIэ, Никольская Ал. и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэр. КъызэрыщIэкIамкIи, ар Къалмыкъ БетIал и унафэкIэ ягъэхьэзырат.

ЧХЕИДЗЕ КОНСТАНТИН итхыжауэ щытащ: «Долинск жыхуаIэ къуажэ цIыкIум зыгъэпсэхуакIуэ зэрыунагъуэу дыкIуэу щытащ илъэс къэс. А лъэхъэнэм къуажэр унагъуэ 12-15 хъуми арат. Ари щIыналъэшхуэм тепхъауэ, щIыпIэ-щIыпIэкIэ тIысыжарэ, зэжьэхэмыуэу. Нэхъ ин дыдэр Долинскхэ я унагъуэм ейт, абыхэм яIыгът гектар щэ бжыгъэ хъу щIышхуэ. Ауэ 20 лIэщIыгъуэм ипэхэм Налшык къэкIуащ Никольская Александрэ жыхуаIэр, генералым и фызабэр. Ар цIыхубз къулей дыдэт. Зэанэзэпхъум дохутырхэм къыжраIат Налшыкыпсымрэ Къэбэрдейм и щIыуэпсымрэ узыншагъэмкIэ хуабжьу зэрысэбэпыр. Никольскэм Долинскхэ я щIым щыщ къищэхужри, унэ дэгъуэшхуэ ирищIыхьыжащ. Абдежым бзылъхугъэм и Iуэхур дэкI зэпыту псэун щIидзащ. Уеблэмэ къуажэм и гуащэу ябж бзылъхугъэм Налшык и къулыкъущIэхэм унафэ яхуищIыфырт».

А псалъэхэм пэджэжу мыр жеIэ **Маслов Александр**, «Налшык округым и медицинэм и тхыдэ. 1900-1917 гъэхэр» тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIам: «Долинск жыхуаIэ къуажэ цIыкIур дыщэ соми 100-кIэ къищэхуауэ щытащ уэркъ бзылъхугъэ Долинская Екатеринэ. Ар езыр дохутырт, акушерт. Абы и щIым и нэхъыбапIэр Никольская Александрэ иращэжа нэужь къызэрагъэпэщащ «Налшык-Долинск курортыр». Никольскэм иухуат зыхуей хуэгъэза дачэ 30-рэ зы хьэщIэщышхуэрэ. Тхьэмбыл уз зэфыкIыу, Налшык зыщагъэхъужыну къакIуэ сымаджэхэр зыщыгугъыр Къэбэрдейм и щIыуэпс телъыджэмрэ яукIагъащIэ Iэщхэм я лъымрэт. КъищынэмыщIауэ, мыбдеж щыкуэдт къэзан тэтэрхэм ягъэхьэзыр кумысыр».

Никольская Ал. хъужыр хэтми къывгурыIуамэ, къэдгъэзэжынщ Къалмыкъ БетIал и лъэIукIэ абы итхауэ щытамкIэ... «Налшык къалэ - Къэбэрдейм и къалащхьэр – лъэныкъуищкIэ бгыхэм къаухъуреихь. ИпщэкIэ и щыгу дыжьыныфэмкIэ щолыд Дыхтау, Къэщкъэтаурэ абыхэм я шынэхъыщIэхэмрэ. СэмэгумкIэ Казбек, ижьырабгъумкIэ - Iуащхьэмахуэ щыIэщ, ауэ ахэр уплъэкIэ плъагъуркъым, сыту жыпIэмэ, джабэ лъагэхэм теубгъуа мэз Iувхэм щыкI жыгхэм къакъуэщыркъым. Налшык и Iэшэлъашэм ит бгыхэм уагъэшынэркъым, уи гум тегъуалъхьэркъым, ахэр нэгум щабэу, дахэу къыщIоувэ. А бгы телъыджэхэр зэрызэпэщылъым къыхэкIыу жаIэ Налшык и хьэуа къабзэм и къарур. ЩIымылым кърихьэх хьэуа щIыIэтыIэм гъащIэ къыпхелъхьэж, Iэпкълъэпкъым и закъуэ мыхъуу, къалэм къыщхьэщыт хьэуари егъэкъабзэ. А хьэуар щIыпIэ нэхъ лъагэм къикIыху, нэхъ щIыIэху и сэбэпынагъми хохъуэ. Абы фIэкIа уимыIами, зы хущхъуэ зумыхьэлIэу тхьэмбыл узыфэхэр игъэхъужынущ.

Налшык къалэр къурш лъапэм деж щылъщ, ауэ я зэхуакум псы дожри, къуршым къех псыIагъэ лейр къалэм къыщIэмылъадэу а псым хохьэж. КъищынэмыщIауэ, уэшх къешха нэужь къуршым кърилъэсэха минералхэр псым къыхолъэдэжри, нэхъ сэбэп ящI. Абы хэлъ мывэхэм елъэ псым массаж уищI хуэдэу, щIыфэр ешытIэ. Гу лъыстащ Налшыкыпсым зыщыбгъэпскIмэ, къупщхьэ узымрэ невралгиемрэ зэригъэхъужым. Мыбы щыпсэухэм зэрыжаIэмкIэ, уэлбанэ нэужьым а псым зыщыбгъэпскIмэ цIыхущIэ уохъу, къару къыпхелъхьэ.

Кавказым щэху куэд ехъумэ, Кавказым теухуауэ щIэныгъэлIхэр мыувыIэжу зодауэ. Мы щIыналъэм сытри къыщцыхъуфынущ, телъыджэр щыкуэдщ. Сэ узыншагъэрэ къарурэ сиIэми - ар зи фIыщIэр Налшыкщ. Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм сызэхаукIарэ, хущхъуэгъуэ сылъыхъуэу сыщыIащ Кърымым, Железноводск, Франджым, Швейцарием, Петербург. Ауэ зыщIыпIи зыри сэбэп къыщысхуэмыхъуу Налшык си щхьэр къесхьэлIащ. Сыщыхъужари мыращ. Си шыпхъу, Шершуновэ М. иужьрей илъэс 17-м къефыкIа тхьэмбыл узым къаруунщэ ищIауэ къыздэсшати, нобэкIэ псэуми, лъэрытетми, и узыр кIуэдыжами зи фIыщIэр Налшыкыпсырщ. Урысей дохутырхэм къагурыIуэркъым зэтхьэлIари, зэтщIари, ауэ узыншэ дыхъужащ».

Иджы къэдвгъэщIэжыт ди гъэмахуэр зэрекIуэкIыр... Хуабэвэхым дызэритхьэлэр, щIыIэтыIагъэ зэрыщымыIэжыр, Налшыкыпсым цIыхухэм зэрызыщамыгъэпскIыжыр, ныджэр зэрынэщIыр, абы и Iуфэм кIэрыхубжьэрыхуу щикъухьар. Зэхуэвгъадэт мы тхыгъэм къиIуэтэж хъыбар телъыджэхэмрэ нобэ дызыхэпсэукIымрэ. ИтIанэ къывгурыIуэнщ блэкIа илъэси 100-м ди щIыуэпсым лейуэ етхамрэ ар наджэIуджэ зэрытщIамрэ.

Адыгэбзэр Iэминэ и гъусэу

ФIыкIэ узыгъэгугъэ щIалэгъуалэм ящыщщ Тэтэр Iэминэ. Пщащэр куэдым доцIыху адыгэбзэмкIэ сабийхэм я егъэджакIуэфIу, ар щыдолъагъу лъэпкъ Iуэхухэм, адыгэбзэм теухуа зэIущIэхэм, щIэнIуатэхэм. Егъэджэныгъэм къыхуигъуэт Iэмалхэм, и Iуэху еплъыкIэхэм ятеухуауэ депсэлъащи, къыджиIам фыщыдогъэгъуазэ.

- Iэминэ, уи щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ я гугъу уэзгъэщIынут, уи студентыгъуэр зыхуэдамкIэ къыщIозгъадзэу.

- Къуажэ курыт еджапIэр къэзуха нэужь, сыщIэтIысхьащ Къэбэрдей–Балъкъэр къэрал университетым. «Адыгэм и хьэщIэр быдапIэм исщ» - мыпхуэдэу пасэрейм щыжиIам ищIагъэнтэкъым, цIыхур гъэхьэщIэныр IэщIагъэ щхьэхуэ хъууэ абы щIалэгъуалэр щыхурагъэджэну зэманыр къэсыну. Мис а псалъэжьыр уигу къэзыгъэкI IэщIагъэрщ къыхэсхар. ХьэщIагъэ IуэхумкIэ бакалавриатыр, туризмэмкIэ – магистратурэр къэзухащ. КъыкIэлъыкIуэуи сыхуеджэжащ «Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ я управленэм и иджырей бгъэдыхьэкIэм экономикэр, хабзэр я лъабжьэу» IэщIагъэм. Аргуэруи, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ егъэджакIуэуи седжэжащ.

Студент гъащIэр гукъинэжу зыгъэкIуахэм сащыщщ. Апхуэдизу егъэджакIуэфIхэр диIати, абыхэм нэхъыфI щымыIэу къытщыхъурт. Сытым дежи гуапэу къысхущытащ сезыгъэджахэр. Си диплом лэжьыгъэр щыстхым щIэгъэкъуэн лъэщу ахэр сиIащ. Студент гъащIэм ныбжьэгъу пэжхэр къызитащ – нобэми дызэрощIэ, дызэрогъэгушхуэ, дызэролъагъу. Студент гъащIэм щыщу гуапэу сигу къинэжа Iуэхугъуэхэм ящыщщ Налшык дэт 4-нэ курыт еджапIэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Андроид+» лагерым си IэщIагъэм зыхэзгъэгъуазэу сызэрыщыIар. ЕджакIуэ цIыкIухэм дерс ядезгъэкIуэкIащ, дызэгъусэу модельер Сэралъп Мадинэ и арт-унэм, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ центрым дыкIуащ. Сыстуденту, «Эколог ныбжьыщIэхэр» конференцым «ЩIыуэпсыр хъумэн» Iыхьэмкiэ сэ япэ увыпIэр къыщысхьауэ щытащ республикэм.

- ЩIалэгъуалэ Iуэхухэм, конференцхэм ухэту долъагъу...

- ЩIалэгъуалэ Iуэхухэм нэхъри сыдихьэх хъуащ Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэм сыщылэжьэн щIэздза нэужь. Си лэжьыгъэр абы тегъэщIауэ щытт. Иджы ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министерствэ диIэщ. Сэ щIэх-щIэхыурэ сыхэтщ ди министерствэм къызэригъэпэщ щIэныгъэ зэхыхьэхэм. ЩIалэгъуалэр зэмыщхьщ я щэнкIэ, я гупсысэкIэ, зыдихьэхкIэ. Дэтхэнэ ныбжьыщIэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэгъуэтын зэрыхуейм, дэтхэнэри къызэрыдэпхьэхыфыну Iэмалхэм дыщыхурагъэджащ апхуэдэ зэхуэсхэм. СфIэфIщ абыхэм сыхэтыну, сыту жыпIэмэ, цIыху куэдым уаIуощIэ, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэ куэд зэхыбох, гупсысэм къэIуэтэкIэм Iэмалу иIэхэр богъэунэху. Иужьрейуэ згъэхьэзырар «Использование народных промыслов в профориентационной работе» лэжьыгъэращ. Абы теухуауэ сыкъыщыпсэлъащ Сабийхэм я творчествэмкIэ я унэу Налшык дэтым.

- Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм уи лэжьыгъэм къытхутепсэлъыхьыт.

- ЩэнхабзэмкIэ унэр си етIуанэ хуэдэщ. «Адыгэ пщащэ-2017» зэпеуэр абы щекIуэкIыу сыхэтащ щытащ. Зэпеуэ нэужь сыкъыхагъэхьэу методисту. Лэжьыгъэ щIыщIэ, гъуэ, щхьэпэ махуэ къэс щекIуэкI щэнхабзэм гукIи псэкIи сетауэ сыщолажьэ.

- «Адыгэбзэр Iэминэ и гъусэу» ... Мы жыIэкIэр куэдрэ зэхызох, сабийхэм уазэрыдэлажьэм и щэхухэр къызэщIикъуэ хуэдэуи къысщохъу.

- Анэдэлъхубзэм хузиIэ лъагъуныгъэм сыхишащ абы. Си шыпхъум и щIалэ цIыкIум сыдэджэгу хуэдэурэ, и унэ лэжьыгъэхэр езгъэщIыжырт. Ауэрэ видеотеплъэгъуэ кIэщIхэр тесхыурэ, интернетым щызиIэ напэкIуэцIым къислъхьэ хъуащ. Уней еджапIэ зыгъэлажьэ Бозий Лианэ и деж сыщылэжьэну сригъэблэгъащ, ахэр илъэгъуа нэужь. Сабийм сызэрепсалъэр, зэрезгъаджэ щIыкIэр игу ирихьу жиIащ. Сытемыгушхуащэурэ сыкIуащ Лианэ и деж, ауэ щIэхыу сыдихьэхащ лэжьыгъэм, си псэр хэпщIащ. Псалъэ гуапэ куэд къызжаIэрти, абы нэхъри сигъэгушхуэрт. ЦIыкIуитI фIэкIа щIэмысу езгъэжьащ адыгэбзэмкIэ дерсыр. Куэди дэмыкIыу тIощIым щIигъуащ нытхуашэ сабийхэм я бжыгъэр. Ауэ абы ирихьэлIэу сэри а IэнатIэр къэзгъэнэн хуей хъуат, лэжьыгъэ нэхъыщхьэм сыкъызэрыдэмыхуэм къыхэкIыу.

Хамэ къэрал зэгуэр къыипсэлъыкIaIащ «адыгэбзэ онлайну дебгъэджэфамэ...» жиIэри. Ар щIэщыгъуэу къысщыхъури, арэзы сыхъуащ. Франджым, Германием, Тыркум, Азербайджаным щыпсэухэм видеокIэ запысщIэурэ езгъэджащ. Ди республикэм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщхэми, (балигъи сабии) онлайн IэмалымкIэ садэлэжьащ. ЦIыху куэд бзэм зэрыдезгъэхьэхыфыр, хамэ къэралым щыпсэухэм салъэIэсу анэдэлъхубзэр яIурылъыным си лэжьыгъэ зэрыхэслъхьэфыр куэд и уасэщ, пэжым ухуеймэ. Интернетым и Iэмалхэр лъэщу къосэбэп дызэрызэпэжыжьэм къыхэкIыу сызылъэмыIэсыфхэр бзэм хуезгъэджэнымкIэ. Ди онлайн дерсхэр зэпыуркъым.

ИужькIэ, нэгъуэщI уней гъэсапIэм и гуащэ Бжьахъуэ Маринэ сригъэблэгъауэ, сабийхэм тхьэмахуэм зэ адыгэбзэмкIэ дерс ядызогъэкIуэкI.

ЩIэблэм адыгэбзэ егъэджынымрэ лъэпкъ щэнхабзэр егъэщIэнымкIэ «Адыгэ цIыкIу» IуэхущIапIэм бзэм теухуауэ зэпеуэ къыщызэригъэпэщат интернет напэкIуэцIым. Си шыпхъум и щIалэ цIыкIум абы япэ бийхэр щызэхуашэса мазэм зэ мастер-класс яхуезгъэкIуэкIыну. Ауэрэ «Адыгэ цIыкIури» уэ етIуанэ схуэхъуащ.

Мыбдеж сызытепсэлъыхьа псори анэдэлъхубзэм хузиIэ лъагъуныгъэм гъунэ зэримыIэм и Iэужьщ. Къарум я нэхъ лъэщыр щIэныгъэщ, лъэпкъым и къарур и бзэрщ. Сэ ди щIэблэ цIыкIухэр езгъэджэ къудейуэ къэслъытэркъым, атIэ зэгъэсу щIэ къыззэдэгъу аращ. Езы цIыкIухэми сэ си псэр ягъэнщI. Я гупсысэкIэм, щытыкIэм, зыщIыкIэм, зыгъэщIэгъуэкIэм, псэлъэкIэм укIэлъыплъыну сыт хуэдэу гухэхъуэ!

- Анэдэлъхубзэ – Iэминэ – адыгэ цIыкIухэр! Мы зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным сыт къару хуэхъур, щIэщыгъуэу узэлэжьыр сыт?

- Си гъащIэр щIэщыгъуэу зэхэлъщ. Адыгэ щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, щIалэгъуалэ Iуэхум сигури си псэри етащ. Хъума хъуа адыгэ хабзэхэм дыщыгъуазэщ, къыдогъэсэбэп, щIэблэм яжыдоIэ. Иджы зеспщытауэ соджыж нэхъ тIэщIэхуа адыгэ хабзэхэр. НэгъуэщI лэжьыгъэ зыбжанэми яужь ситщ. Сэ сщIэмрэ сызыщыгъуазэмрэ щIэблэр зэрыщIэзгъэдэIум садэгуэшэным дэрэжэгъуэ къызет. Адыгэбзэр имыщIэу си деж къаша цIыкIур бзэм дезгъэхьэхауэ, псэлъэфу, еджэфу езгъэса нэужь, си лэжьыгъэр къызэрысэбэпам си гур зыкIэ хегъахъуэри!

Анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым къыдигъэкI «Гъуазэ» журналым 2025 гъэм и 4-нэ къыдэкIыгъуэм къытрадзащ дерс зэрезгъэкIуэкI Iэмалхэм ящыщ. «Сабий гъэсапIэм адыгэбзэм теухуауэ щекIуэкI хъуну урокым и щапхъэ» фIэщыгъэр иIэщ тхыгъэм. Нэгъабэ ГъукIэ Замудин къыдигъэкIа «Адыгэ арджэнхэр» тхылъым итщ арджэн зэIущэнымкIэ езгъэкIуэкIа дерсхэм щытетха сурэтхэм щыщ зыбжанэ.

- Уадыгэну гугъу?

- Адыгэу укъалъхунракъым нэхъыщхьэр, атIэ адыгэу упсэунырщ. Адэанэм быным насыпу иратыфынум я нэхъыфIыр мыращ: анэдэлъхубзэр Iуралъхьэнымрэ адыгэ хабзэр ирагъэщIэнымрэ. Уадыгэну гугъу? - Уадыгэну фIыщ!

- Ди адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм ящыщу узэджам сыт хуэдэхэр къахэбгъэщынт?

- Нэхъ иужьрейуэ сызэджахэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр. Ар егъэлеяуэ гунэс сщыхъуащ. Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романым сышколакIуэу седжауэ щытащ. Зэман сиIащ Къармокъуэ Мухьэмэд и «Щихухэр иджыри мэкI» романыр зыпэсщI щыщымыIа. Седжэу си гум къинэжахэм ящыщщ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и «Мазизэр». Уеблэмэ, а тхыгъэм къыхэсха пычыгъуэкIэ си благъэ пщащэ Щомахуэ Даянэ теплъэгъуэ цIыкIу дэзгъэуври, ар «Адыгэбзэ Хасэм» иригъэкIуэкIа «Iуэрсэр» зэпеуэм хэтауэ щытащ. Iэщыж Борис и «Жыпэу» рассказыр сигу дыхьахэм ящыщщ. Философие гупсысэхэр, Iущыгъэ къызэрымыкIуэ къытхуэзыгъэна IутIыж Борис и тхыгъэхэр зы дуней телъыджэщ, а дунейм ущыхьэщIэнри псэтыншыгъуэщ. Куэдрэ къызогъэсэбэп IутIыжым и псалъэ Iущхэм щыщ.

- Уэ езыр тхэным удихьэхыу шэч сощI ...

- Натхъуэ Къадир и цIэкIэ екIуэкIа Дунейпсо Iуэтэж зэпеуэм сэри сыхэтащ. Абы езгъэхьа «Зэгунэс» тхыгъэр Тыркум къыщыдэкI газетым къытехуащ. Художественнэ тхыгъэхэр си Iэдакъэ къыщIокI жысIэфынукъым. Ауэ гъащIэм къыщыхъуахэр гукъэкIыжхэу стхыным сыщIофIэщ.

- Iэминэ, насыпыр сыт?

- КIыщокъуэ Алим и усэм щыщ едзыгъуэр сигу къыхьащ, ар жэуап ирехъу: «Насып жыхуаIэр уэ зэгъэшщ - Насып щIэкIуэнур - арщ насыпыр».

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

● ПщIэну щхьэпэщ

Джынасур зэбгрыжамэ...

ЦIыхур сымаджэ хъуа нэужь и Iэпкълъэпкъым и пщтырагъыр къызэрапщ термометрыр (градусникыр) къутэмэ, абы ит джынасур (ртуть) зэбгрож. Абы къыхиху гъуэзыр хуабжьу щхъухь гуащIэщ, уз зэхуэмыдэхэр хэпхынкIэ шынагъуэу. Абы къыхэкIыу, асыхьэту зэщIэкъуэжын хуейщ. Дауэ?

ДЖЫНАСУР унэ лъэгум зэхуаку иIэмэ донэ, алэрыбгъум хопщIэ, уеIусэмэ тkIуэпс цIыкIу зыбжанэу зэкIэщIожри, зэхуэпхьэсыжыну гугъу мэхъу.

Джынасум и гъуэзыр цIыхум зыжьэдишэмэ, и жьэжьейхэм, тхьэмщIыгъум, щхьэ куцIым йотIысхьэри, хуэм-хуэмурэ къеузын щIедзэ. ЯпэщIыкIэ цIыхум и щIыфэр, и жьэ кIуэцIыр къощэщ, Iупсыр куэду кърегъаблэ, IукIэ гъущIымэ зыхещIэ, и щхьэр узу, зэпкърылэлу мэхъу, и Iэхэр мэкIэзыз, и Iэпкълъэпкъыр мэсыс. ИкIэм икIэжым, псантхуэм йоуэри, и акъылым йокI.

Аращи, градусник фкъутамэ, псом япэ, пэшым щIэсхэр икIэщIыпIэкIэ щIэвгъэкI. Псом хуэмыдэу сабийхэмрэ унэ псэущхьэхэмрэ. Сыту жыпIэмэ, зэщIэлындэу зэкIэщIэжа тkIуаткIуэр яфIэтелъыджэ хъунурэ ириджэгуну, яшхыну хэтынущ.

АдэкIэ, унэм пэшу иIэм я бжэхэр ягъэбыдэ, щхьэгъубжэхэр Iуах. Жьы зэпеуэ щыIэнкIэ Iэмал иIэкъым! КъыкIэлъыкIуэу зы цIыху балигъ гуэрым хьэфэ Iэлъэ зыIэретIагъэ, и лъакъуэхэм целлофан кърешэкI, и жьэмрэ и пэмрэ хъыдан псыфкIэ щIехъумэри, джынасур зэхуехьэсыж.

ЗыщцывмыгъэгъупщэI Сабэщыпи жыхапхъи къэбгъэсэбэп хъунукъым, джынасур зэхуэпхусыжын уи гугъэу къепхуэкIынкIи Iэмал иIэкъым!

Джынасур зэрызэхуахьэсыжыр дагъэм хэгъэуа салфеткэкIэщ, газет псыфкIэщ. Апхуэдэуи къагъэсэбэп скотч, лейкопластыр, бжьэхуц. Зэхуакухэм дэна тkIуаткIуэр шприцкIэ, мастэкIэ къыдагъэкъэбзыкIыж. Пэш ягъэкъэбзэжам и щхьэгъубжэхэр дакъикъэ 15-20 къэскIэ Iуахыурэ, тхьэмахуэкIэ жьы къабзэ къыщIрагъахуэ.

Градусник къутар алэрыбгъум техуамэ, и къуапэхэмкIэ къыщыщIадзэри, джынасур къыкIуэцIымыжын хуэдэу, зэкIуэцIалъхьэ, щIыбым щIахри, зыщIыпIэ ирадз. Ауэ япэщIыкIэ, щIым яубгъу алэрыбгъу едзам къыкIуэцIыж щхъухьыр зытелъэдэн целлофан е газет. Алэрыбгъум, зыхуэсакъыжурэ, къиутхыр къатемылъэлъэн хуэдэу, башкIэ еуэурэ, джынасур къыкIэрагъэлъэлъыжри, жьы щIихуу мазищкIэ фIагъэлъ.

КъыхэгъэщыпхъэщI джынасу зылъэIэса щыгъыныр е вакъэр зэрамыжьыщIыр. Абы щхъухьыр нэхъ гуащIэж ищIынущ. Апхуэдэ щыгъынхэр, вакъэхэр хыфIадзэ.

Зэхуахьэсыжа джынасумрэ абдж къутахуэхэмрэ псы зэрыт банкIым иралъхьэри, и щхьэр быдэу ягъэбыдэж. Джынасур кIэрыхубжьэрыхухэм ящIыгъуу хыфIадзэркъым, унитазым ирагъэжыркъым.

Джынасу грамми 2-м хьэуа кубометр мини 6 еуцIэпI! Щхъухьыр МЧС-м и лэжьакIуэхэм Iэрагъэхьэ.

Джынасу гъуэз жьэдишамэ, ар Iэпкълъэпкъым къызэрыпкърыкIыжыр жьэжьейхэмкIэщи, градусник къутар зэхуэзыхьэсыжа цIыхур псы куэд ефэн хуейщ.

Нэрымылъагъу дэIэпыкъуэгъуэхэр

ЦIыхум и гугъэщ вирусхэр, бактериехэр, Iэгъэбэгухэр зэран къыхуэхъу зэпыту, абыхэм узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр хахыу, уеблэмэ уаукIыу. Ауэ щыIэщ бактерие лIэужьыгъуэхэр, ахэр Iэпкълъэпкъым имылъмэ, цIыхум и гъащIэр гугъусыгъу хъууэ. Апхуэдэхэм ящыщщ бифидобактериемрэ лактобактериехэмрэ.



БИФИДОБАКТЕРИЕХЭМРЭ лактобактериехэмрэ зыр адрейм зэран хуэмыхъуу, я зэран цIыхуми емыкIыу къогъуэгурыкIуэ. Ахэр япэ дыдэу къыщахутар 1681 гъэрщ. Микроскопыр къэзыгупсысахэм ящыщ Левенгук Антони хуигъэфэщауэ щытащ, а бактериехэм къищынэмыщIауэ, цIыхум и лъатэм нэгъуэщI гуэрхэри зэрисыр, ауэ абы щыхьэт техъуэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIар 1888 гъэрщ. ИужьыIуэкIэ, 1916 гъэм, нэмыцэ къэхутакIуэ Ниссле Альфред къитIэщIащ а бактерие лIэужьыгъуитIым языхэз Iэпкълъэпкъым къемэщIэкIмэ, е зэран хъу бактериехэр куэд къызэрыгъэхъуамэ, дисбактериоз жыхуаIэ узыфэр къызэрыхэкIыр.

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым бактерие лIэужьыгъуэу илъым щхьэкIэ микробиотэ жаIэ щIэныгъэлIхэм. Ар цIыхум и мызакъуэу, къэкIыгъэхэми, псэущхьэхэми, хьэпщхупщхэми яIэщ. Абы къыдэкIуэу, цIыхум и щIыфэм, кIуэцIым, кIэтIийм, тхьэмбылым, Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэ псоми щхьэж езым и микробиотэ иIэжщ. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ цIыхум и Iэпкълъэпкъым бактериеу илъым и процент 60-р кIэтIийрщ зэрысыр. Бактерие килограмми 2,5-3 исщ цIыху балигъым и лъатэмрэ кIэтIийммрэ.

Сыт хуэдэ къалэн абыхэм ягъэзащIэр? Сыт хуэдэ узыфэхэм епха? Дэнэ ахэр къыздикIыр?

КъызэрыщIэкIымкIэ, бактериехэр шхын гъэткIуным, витамин къэлэжьыным, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм ебэныным къыхуигъэщIащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжырщи, ахэращ цIыхум и иммунитетыр къызыхэкIыжри зэлъытари. Алъандэрэ иммунитетыр здэщыIэр фымыщIамэ, зыщцывгъэгъуазэ – фи ныбэм! ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дисбактериозыр (бактериехэм я бжыгъэр щызэтекIым деж) цIыхум гуащIэу къофыкI. Абы къыхокI кIуэцIым жьы ириубыдэр, ныбэ узыр, аллергиер, авитаминозыр, губжьыр, къытехьэр. Зэ Iуплъэгъуэкiэ, сыткIэ епха мыхэр ныбэм ис бактериехэм?! Ауэ, цIыхур диетэ ткIий тесмэ, хамэ щIыпIэ кIуарэ ар игу иримыхьмэ, къемызэгъмэ, антибиотик, къинэмыщI хущхъуэ гуащIэхэм ефэмэ, операцэ ящIамэ, гузэвэхмэ, инфекцэ гуэр къефыкIамэ, эндокринологиемкIэ сэкъат игъуэтамэ, Iэмал имыIэу ар кIуэцIым зэран хуэхъунущ.

Бифидобактериехэмрэ лактобактериехэмрэ зэпэшэчауэ кIэтIийм зэрисыр гъэщIэгъуэныщэщ. Процент 95-р бифидэм хуозэ, мыдрей 5-р лактобактериещ. Бифидэм цIыхум ишхар яшхыжри, Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ аминокислота, белок, витамин зэмылIэужьыгъуэхэр «къыщIегъэкIыж». Абы и закъуэ мыхъуу, сэбэпышхуэ зыпылъ а белокхэр, витаминхэр, минералхэр Iэпкълъэпкъым вэгъэзэгъыу изэгъэнымкIэ, жэуап зыхьри ар дыдэрщ. ЕтIуанэр – лактобактериехэр – цIыхум и Iум къыщыщIэдзауэ, и тэмакъми, лъатэми, кIэтIийми, кIэтIий гъумми, куэтэнми, кIэщIу жыпIэмэ, икIыхьагъкIэ Iэпкълъэпкъым исщ. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр лактозэр (гъэшым хэлъ углевод хьэлъэ лIэужьыгъуэщ) зыгъэткIу фермент къэгъэщIыныамрэ зэран хъу бактериехэр укIынымрэщ.

Дызытепсэлъыхь бактерие лIэужьыгъуитIыр анэ быдзышэм щIыгъуу сабийр къыщалъхуа махуэм Iэрохьэри, псэуху пкърытщ. Абыхэм я бжыгъэм зыгуэркIэ хэщIрэ, я лэжьэкIэр зэтекIамэ, Iэмал имыIэу дэIэпыкъун, гъэнщIыжын хуейщ. Iуэхур зыIутыр къахутэн папщIэ, псом япэ анализ ят, итIанэ цIыхур зыхуэчэм бактерием теухуауэ дохутырым хущхъуэ етх.

ЩыIэщ Iэпкълъэпкъыр езыр-езыру дисбактериозым щебэныжыф, ар хущхъуэншэу щызэтриухуэжыф. Дисбактериозыр къызыхэкIар гузавэр, губжьыр, ныкъуэкъуэныр, диетэр арамэ, гур гъэсабырыжын, фIым егупсысын, шхэкIэр тэмэму зэтеублэжын хуейщ. Хуабжьу сэбэпщ шхур, кхъуейр, шатэр, къэбыстэ, нащэ гъэфIэIуар, хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, тхъуийр, хьэр.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● 2026 гъэр Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ

Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркъым

Дэтхэнэ лъэпкъми иIэщ адрейхэм къазэрыщхьэщыкI нэщэнэхэр. Апхуэдэу щымытамэ, дунейм цIыхуу тетыр, зы къупхъэм къигъэджэлыкIа хуэдэу, я теплъэрэ я бзэкIэ, дуней еплъыкIэрэ Iуэху зехьэкIэкIэ зэщхьуу щытынт. Ди къэралышхуэм бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы ис лъэпкъыбэр. Зэмыщхьу, ауэ я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэу, щIыпIэ зырыз ису, атIэми зэш пэлъытэу зэхущыту, зэкъуэту, зэрылъытэу, зэрыщIэу зэдопсэу, дэтхэнэми и лъэпкъыр игъэфIыжу, адрейхэми пщIэрэ нэмысрэ яхуищIу.

УФ-м и Президентым ищIа унафэм тету, 2026 гъэр ди къэралым щагъэуващ абы и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу. А Iуэхугъуэри хэкупсэ гъэсэныгъэм хуащI хъужа гулъытэ лъагэри къалъытэу, ди республикэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм лэжьыгъэшхуэхэр щызэфIах. Апхуэдэ щапхъэхэм ящыщщ Шэджэм щыналъэм хыхьэ Нартан жылэшхуэм дэт курыт школ №1-м (унафэщIыр Щоджэн Русланщ) иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа классщIыб дерсыр. 4-нэ «В» классым щеджэ ныбжьыщIэхэр жыджэру зыхэта лэжьыгъэр екIуу къызэригъэпэщащ, купщIафIэу, къызыхуэтыншэу иригъэкIуэкIащ сабийхэм я класс унафэщI Сей Антонинэ.

ЕгъэджакIуэ Iэзэм, щIэблэм я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэм дерсыр триухуат ди лъэпкъ хабзэм щыщу адыгэ хьэгъуэлыгъуэм и зы Iыхьэ Щауэишыжым.

- Адыгэхэр ди къэралышхуэм щыпсэу лъэпкъыбэм дахэтщ, дакъыхолыдыкI ди анэдэлъхубзэмкIэ, игъащIэ лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ, лъэпкъ гупсысэм и лъабжьэ ди хабзэмкIэ, щэнхабзэмкIэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми дыхуосакъ, анэр быным зэрыхуэсакъым хуэдэу, дохъумэ, нэр напIэм зэрихъумэм ещхьу, а лъэпкъ фIыгъуэхэр фэ, къытщIэхъуэ щIэблэхэм, адэжь щIэин лъапIэу къызэрыфхуэдгъэнэным дыхущIэкъуу, - дерсым и пэублэ псалъэм къыщыхигъэщащ Сей Антонинэ, иригъэкIуэкI Iуэхугъуэм ныбжьыщIэхэр иришалIэу. - Нобэ дэ дытепсэлъыхьынущ «ЩауэишыжкIэ» зэджэ лъэпкъ хабзэ дахэу адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм хэтым, ар зэрекIуэкIри утыкум щыдгъэлъэгъуэнущ.

ЕгъэджакIуэм и къэпсэлъэныгъэ купщIафIэм иужькIэ занщIэу Iуэхур яублащ. Антонинэ нысашэмрэ унэишэмрэ, абы къыкIэлъыкIуэу щауишыжым тепсэлъыхьырэ, лэжьыгъэм хуэщIа утыкушхуэм къихьащ нысэ къэзыша КIэрэфхэ я Щауэишыжым хэтыну цIыхухъухэр (школакIуэ щIалэ цIыкIухэр). Мес долъагъу: ерыскъы IэфIкIэ, къэуат зыщIэлъкIэ зэщIэузэда адыгэ Iэнэ хъурейм пэрысщ хьэгъуэлIыгъуэр зей лъэпкъым я цIыхухъу нэхъыжьхэр. Унэишэр зэфIэкIащи, иджы ахэр поплъэ зэджа щауэщIэр пщIантIэм къыдыхьэжу нэхъыжьхэм я пащхьэ къиувэным. «Дэнэ щыIэ ди щауэр? КъефшэлIэж! ИщIаIами, худогъэгъу ди шынэхъыщIэм!..» - цIыхухъухэм я нэхъыжьым и псалъэхэр зэхэзыха щIалэгъуалэр (ахэри классым щIэс сабийхэращ-тIэ) къыдэджа къудей, жаIэу занщIэу нэхъыжьхэм ябгъэдыхьэркъым, нэмыс зэрахэлъыр къагъэлъагъуэу, хуэмурэ утыкум къохьэ.

А псоми ешэхауэ щIэтщ лъэпкъ пшынэм и макъ жьгъырур, «Щауэ щIалэр дыжьын къамэщ, Щауэ щIалэр йопкIыр, йолъыр. О-орайдэ, бэрэмахуэщ, ойрэ...» псалъэхэр зыхэт къебжэкIыр. Iуэхур езыгъэкIуэкI ДжэгуакIуэу щауэ щIалэр къезышэлIэж гупым я пашэр абдеж утыкум къохьэри, нэхъыжьым зыхуегъазэ икIи жреIэ, абы ищIа унафэм тету, «щауэм я нэхъ ябгэмрэ лIым я нэхъ зэфIэкI зиIэмрэ» къызэрырашэлIэжар.

«Щауэ фIыцIэ набдзапцIэу мы щIыпIэр зыгъэхулIэ! КъекIуэлIэж, дыножьэ псори! Мы жыхафэгум къиуви, мы дыщэ фалъэри тIыхыт!» - жеIэ тхьэмадэ махуэм. АрщхьэкIэ щауэр занщIэу утыку кърагъэхьэркъым и гъусэхэм, ДжэгуакIуэри нэхъыжьхэм щабэу, екIуу, хабзэм изагъэу ядогушыIэ. «ДыпкIэлъоджэри зэхэпхыркъым, укъыдолъыхъуэри удгъуэтыркъым, щауэ щIалэ! Хъунщ иджы, къекIуэлIэж, псори пхудогъэгъу: екIэпцIэ цIынэ къэпшамэ, пхудогъэгъу, пхъэ гъур гулъэ къэпшамэ, дынохъуэхъу. Къеблэгъэж, ди щауэ!» - апхуэдэ псалъэхэмкIэ лъэпкъ тхьэмадэр аргуэру ДжэгуакIуэм и псалъэхэм поджэж.

АдэкIэ нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэ гупымрэ тэлайкIэ зоныкъуэкъу. Щауэр ара хуэдэу, нэгъуэщI щIалэхэр утыку кърешэ ДжэгуакIуэм, атIэми тхьэмадэм ахэр идэркъым. «Мыр ди щIалэкъым, мыр ди щауэкъым...» - жиIэу. ГушыIэ хэлъу зэзэмызи йохъурджауэ и жыIэр зэуэ зымыгъэзащIэ зи щIалэгъуэхэм: «Еплъыт абыхэм! Мы си джэдыгужьыр зэзмыгъэдзэкIыу хъуну къыщIэкIынукъым. Зы пщащэ цIыкIу къевгъэувэхамэ, батэ вгъэша фи гугъэж? Хьэмэрэ Индылыжь фызэпрыкIыу шыбз гуартэ псым къыкIуэцIрыфхуауэ къыфщыхъужрэ? Ы-ы?» Нэхъыжьым и лъапэ укIэщIэзэрыхь зэрымыхъунур хьэкъыу зыпхыкIа щIалэхэм икIэм-икIэжым ар арэзы ящI. КъызэрыщIэкIымкIэ, тхьэмадэ махуэр зылъыхъуэр къызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ зыщIэ, зыцIыху, лIакъуиблыр къэзыбжыф щIалэ акъылыфIэт. Апхуэдэу къыщIэкIащ КIэрэфхэ я щауэ щIалэ Марат. Ар Азэмэт и къуэщ, Азэмэт Мурадин и къуэщ, Мурадин Ахъмэтхъан и къуэщ, Ахъмэтхъан Машэ и къуэщ...

А псоми фIыуэ щыгъуазэ щауэр утыку къраша нэужь, нэхъыжьыр абы гуапэу йохъуэхъу: «Мы щIалэ гурэпкIырэхэм я псалъэмакъыр ягъэбэяуащи, адэкIэ пызощэ, щауэ махуэ хъун. Ди щIалэ, уи адэр уэркIэ гушхуэу, уи анэм дахэ жепIэу, КIэрэфхэ ди лъэпкъыр уэркIэ лъапIэу, уи гъуэгур кIыхь, дахэ хъуну сыпхуохъуахъуэ!» Щауэр IитIымкIи мэIэбэри, тхьэмадэм къыIех махъсымэ фалъэр. Ар хуеший ижьрабгъумкIэ щыт и щауэкъуэтым, ар фадэм Iэдэбу хэIуба нэужь, къезытам иретыж, гукIи щхьэкIи фIыщIэ ищIу. КъыкIэлъыкIуэу тхьэмадэм щауэм къыIэщIегъэувэ ерыскъы зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрылъ тепщэчышхуэр. Ар щауэм къещтэри, и сэмэгурабгъумкIэ къыщыт щауэкъуэтым ирет.

А псори зэфIэкIа нэужь, дауэдапщэм хэтхэм мащIэу лъэныкъуэ зрагъэзри, щауэ хъуам иужьрей удынхэр ирадз, яубэрэжьыну хэту. АтIэми щауэ щIалэр и ныбжьэгъуфIхэм къахъумэ, джэдкъуртым и джэджьейхэр зэрихъумэм ещхьу, я блэгу щIагъэувэри удынхэм кърагъэл. Ахэр псори щауэ пэшым иужькIэ щIохьэри, щауэ Iэнэм мэтIыс.

Заули дэмыкIыу адыгэ джэгур утыкушхуэм щаублэ. Зи щIалэгъуэхэм я лъэгу щIэплъ нэхъыжьхэр гуфIэгъуэ Iэнэм пэрысу унагъуэщIэм хуэгъэза хъуэхъуфIхэр жаIэ, хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр яIуатэ. Абыхэм ящхьэщыт щхьэгъэрытым бгъуэщIэсым къиихь ерыскъы псори тэрэзу Iэнэм трегъэзагъэ. И нэхэр Iуэхум и зэпэщыныгъэм хуэнабдзэгубдзаплъэми, тхьэкIумэ лъэныкъуэр теухуащ лъэпкъ тхьэмадэр здэщыс Iэнэм, абы щаIуатэ псори фIэхьэлэмэтщи. Щхьэр щакъутэкIэ, тхьэмадэм абы тхьэкIумэр ирет, «жану даIуэ, атIэми зэхыумыхыпхъи зэхыумых!» кърыгъэкIыу. Ауэ ар адыгэ хабзэм и нэгъуэщI Iыхьэщ...

Апхуэдэу гъэщIэгъуэну, гукъинэу екIуэкIащ адыгэ хабзэм и зы Iыхьэм сабийхэр щыгъуазэ хуэщIыныр, цIыкIухэм я лъэпкъ гупсысэм зегъэужьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щыта а классщIыб лэжьыгъэр. Абы иIа гъэсэныгъэ мыхьэнэр зэрыиныр фIыуэ къыгуроIуэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ, щIэблэм я унэтIакIуэ Сей Антонинэ.

- Адыгэ хабзэр ди лъэпкъым и дуней еплъыкIэм и лъабжьэщ. Абы къызэщIиубыдэр лъэпкъ хуитыныгъэм и закъуэкъым, атIэ ди гъащIэм и лъэныкъуэ псоми я тегъэщIапIэ лъэщщ ар, псэкупсэ, хэкупсэ гъэсэныгъэм, цIыхум хэлъыфынкIэ хъуну щэныфIхэм нэсу, - жеIэ егъэджакIуэ Iэзэм. - Къэдгъэлъэгъуэнщи, адыгэлIыр къызыхэкIа лъэпкъ лIакъуиблым щыгъуазэу щытын зэрыхуейм дыщынэсам щыгъуэ, дауи, щауэишыжым хэта си еджакIуэ цIыкIухэм ящыщ дэтхэнэми и гупсысэр асыхьэтым теухуа хъуащ езыр къызыхэкIа лIакъуэм и къекIуэкIыкIам. «Сэри сщIэуэ пIэрэ сызыщыщ лъэпкъым, ди унагъуэм и лIакъуэхэр? СщIэн хуейщ. Абыхэм сыщымыгъуазэмэ, емыкIу къэсхьу утыку сыкъихуэнкIэ хъунущ...» - псалъэхэр абыхэм я щхьэм зэрыщыджэрэзам шэч къытесхьэркъым. ИужькIэ, сощIэ, дэтхэнэри хущIэкъуащ и лIакъуиблыр зригъэщIэну.

Пэжу, дерсым ныбжьыщIэхэр къызыхуигъэуша фIыгъуэхэм ящыщ зыщ ар, уи лIакъуэхэр пщIэныр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ, тепсэлъыхь къудей мыхъуу, хабзэм щыщ а зы Iыхьэр нэрылъагъуу утыкушхуэм зэрыщагъэзэщIами. Аращ адыгэм «Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркъым» щIыжиIэри. Абы къикIыращи, хабзэр утепсэлъыхь закъуэкIэ хъума хъунукъым - ар гъэзэщIэн хуейщ. Абы щыгъуэщ лъэпкъым и быну зыкъэзылъытэж дэтхэнэми ар гурэ псэкIэ щызыхищIэнур. А псори къехъулIауэ жыпIэ хъунущ зи IэнатIэр псэ хьэлэлу езыхьэкI егъэджакIуэфIым. Сей Антонинэ и хъыбарыфI куэд иджыри къэIуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Жыласэ Рустам токIуэ.

БэнакIуэ цIэрыIуэм и фэеплъ зэпеуэм къыщыхожаныкI

Улымбащ Азрэт япэщ.

Олимп джэгухэм щэнейрэ я чемпион хъуа бэнакIуэ цIэрыIуэ Медведь Александр и фэеплъу Белоруссием и къалащхьэ Минск СпортымкIэ и уардэунэм щекIуэкIащ, Гран-прим хыхьэу, бэнэкIэ хуитымкIэ 55-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрал 14-м я спортсмен лъэщу, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 300-м щIигъу.

ДИ гуапэ зэрыхъущи, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэ гуп икIи ехъулIэныгъэфIхэр абы щызыIэрагъэхьащ. ЖыпIэнурамэ, килограмм 61-рэ зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Жыласэ Рустам. Ди щIалэм финалым щыхигъэщIащ Индием и бэнакIуэ Патил Ваибхав Нараян.

КъыхэдгъэщынщI, нэгъабэ Минск щекIуэкIа мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм Жыласэм етIуанэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ. Иджы, и зэфIэкIым хигъахъуэу, зы увыпIэкIэ нэхъ лъагэу зиIэтащ.

КъищынэмыщIауэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэ зэхьэзэхуэм щызэIэригъэхьащ икIи дыщэ медаль къиихьащ килограмм 86-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Улымбащ Азрэти. ЗэIущIэм и кIэух Iыхьэм абы къыщыпэщIэтащ Къэзахъстаным и бэнакIуэ лъэщ Ергеш Даулет.

Абыхэм зытIэкIукIэ зыкъыкIэрагъэхуащ Азэмэт Русланрэ (кг 57-рэ) Пелюкаев Русланрэ (кг 97-рэ) икIи, мызыгъуэгукIэ, дыжьын медалхэр тIуми къахьащ. Япэм къытекIуащ хэгъэрейхэм я бэнакIуэ Тютрин Арыйаан, етIуанэм - дагъыстэн щIалэ Жабраилов Алихъан.

«Мы гъэм мэлыжьыхьым Европэм щекIуэкIыну чемпионатым ягъэкIуэнухэр къызэрыхах зэхьэзэхуэу щытащ иджырей зэпеуэр ди командэм дежкIэ. Ярыгин Иван и цIэр зезыхьэ дунейпсо зэпеуэр иуха къудейуэ аращ. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэр щIэх дыдэу къызэрызэкIэлъыкIуэр ди бэнакIуэхэм сэбэп къахуэхъун хуейщ чемпионатым екIуу зыхуагъэхьэзырын и лъэныкъуэкIэ.

Ди гуапэщ Медведь Александр и фэеплъ зэхьэзэхуэм зэрызиубгъу зэпытыр, абы хамэ къэралхэм я лIыкIуэу хэтхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъур. Урысейм и дежкIэ ар нэщэнэфIщ», - жиIащ УФ-м и командэ къыхэхам и тренерхэм ящыщ Оганесян Ваграм.

Ди бэнакIуэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Елмэс Аслъэн, Урыш Анзор, Абрэдж Арсен, Башиев Екъуб, ЗэкIуий Арсен, Хьэмгъуокъу Беслъэн сымэ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

«Нартанми» хунэгъэсакъым

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025-2026 гъэхэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэр иухыным къэнэжар зы джэгугъуэ закъуэщ. Абы щыгъуэми иджыри наIуэкъым хэт сыт хуэдэ медалхэр лъысынуми.

ЯГЪЭIЭПХЪУАУЭ щытауэ мазаем и 18-м ирагъэкIуэкIыжа «Шагъдий» (Зеикъуэ) - «Родник» (Псынэдахэ), «Зэрэгъыж» (Зэрэгъыж) - «Искра» (Альтуд) зэIущIэхэм абы и лъэныкъуэкIэ зыкъом зэхагъэкIащ. Къапщтэмэ, а махуэм бжыгъэр къызэIуамыхауэ икIи зэрытемыгъэкIуауэ зэрэгъыждэсхэмрэ Алътуд къикIахэмрэ зэрызэбгъэдэкIыжам шэч хэмылъу зи сэбэп хэлъыр Псынэдахэм и командэращ. А махуэм абы 7:2-уэ хигъэщIащ Зеикъуэ и «Шагъдийр» икIи очкоитIкIэ и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм щхьэщыкIащ. Иджы «Родник»-м и нэгъабэрей ехъулIэныгъэм къытригъэзэжын папщIэ кIэух зэIущIэм «Спартак-Налшыкыр» щызэтримыгъэкIуэн хуейуэ аращ.

Мы гъэми дыщэ медалхэр псынэдахэдэсхэм зыIэрагъэхьэнымкIэ зэран къахуэхъуфыну къэнэжар, куэдым яфIэгъэщIэгъуэну зэхьэзэхуэм лъэщу зыкъыщызыгъэлъагъуэ, «Зэрэгъыжым» и закъуэщ. Алътуддэсхэм очкоитI фIагъэкIуэда иужькIэ абы и бампIэр Щхьэлыкъуэ къикIахэм тракъутащ икIи «7 Вершин-Шалушка»-м и гъуэм топибгъу дагъэкIащ. Пэжщ, езыхэри Iыхьэншэ дыдэ хъуакъым.

Иужьу «Родник»-м щыдэджэгуам топ щыдимыгъэкIыфами, зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъыфIу къонэ «Ислъэмейм» и пашэ Мэрем Андемыр. Ар мы зэпеуэм 19-рэ къыщыхэжаныкIащ.

Медалхэр зыIэрыхьэну командищыр наIуэ хъуами, турнир таблицэм и лъабжьэм щекIуэкIыр гурыIуэгъуащэкъым. ТхьэмахуитI ипэкIэ екIуэкIа епщыкIущанэ джэгугъуэм «Урыхур» 13:1-уэ къыщытекIуа иужькIэ, армырами куэд щIауэ псоми къыхагъащIэ «Нартан»-м и гугъэр хихыжыпащ. НэгъуэщI щхьэусыгъуэ къыхуэгупсысыгъуейщ къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм «Мурбек ФШ»-м дэджэгуну къызэрымыкIуар.

Мы зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ ар етIуанэ Iуэху мыщхьэпэщ. Нэхъ пасэжу зэпеуэм хэкIыжащ «Джэрмэншыкыр». Къезэгъырхэм илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм (гъэмахуэми щIымахуэми) командэ зырыз-тIурытIым ар и кIэм зэрахунэмыгъэсыр. Языныкъуэхэм мылъку зэрахуримыкъуар щхьэусыгъуэ ящI, ауэ республикэ зэхьэзэхуэм апхуэдизу зыпэмылъэщын текIуадэу фIэщщIыгъуейщ. Абы щыгъуэми хэкIыжахэм я зэранкIэ календарыр зэхэфыщIа мэхъу, топджэгум дихьэххэри гуитIщхьитIу къонэ. Псом ящхьэращи, езы зэхьэзэхуэм и пщIэр иреудых. А щытыкIэм хуэфэщэн унафэ тращIыхьыну дыщогугъ къыкIэлъыкIуэ зэпеуэм и пэ къихуэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: **«Зэрэгъыж»** (Зэрэгъыж) - **«7 Вершин-Шалушка»** (Щхьэлыкъуэ) - **9:4**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«ГорИс»** (Налшык) - **4:3**, **«Логоваз»** (Бабугент) - **«Урыху»** (Урыху) - **1:2**, **«Мурбек ФШ»** (Налшык) - **«Нартан»** (Нартан) - **3:0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*, **«Спартак-Налшык»** (Налшык) - **«Сады Баксана»** (Ислъэмей) - **1:2**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **0:3**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Искра»** (Алътуд) - **0:5**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Джэрмэншык»** (Джэрмэншык) - **3:0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*.

КIэух джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: «Урыху» - «Зэрэгъыж», «Мурбек» - «Логоваз», «Родник» - «Спартак-Налшык», «Псыгуэнсу» - «Ислъэмей», «Шагъдий» - «Искра», «7 Вершин-Шалушка» - «Малка» командэхэр. «Сады Баксана»-мрэ «ГорИс»-мрэ зэпеуэр къауахащ, я хьэрхуэрэгъухэу щытын хуея «Нартанымрэ» «Джэрмэншыкымрэ» зэрыхэкIыжам къыхэкIыу икIи дэтхэнэми 3:0-у текIуауэ хуатхынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025-2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**14**	**13**	**1**	**0**	**54-8**	**40**
2. «Зэрэгъыж»	**14**	**12**	**2**	**0**	**45-12**	**38**
3. «Искра»	**14**	**11**	**2**	**1**	**43-4**	**35**
4. «Ислъэмей»	14	10	0	4	43-21	30
5. «Спартак-Налшык»	14	9	1	4	36-13	28
6. «Урыху»	14	8	3	3	38-17	27
7. «Псыгуэнсу»	14	6	3	5	29-27	21
8. «Мурбек ФШ»	14	6	1	7	28-22	19
9. «Шагъдий»	14	6	0	8	29-34	18
10. «Малка»	14	5	2	7	23-39	17
11. «Логоваз»	14	4	2	8	17-25	14
12. «ГорИс»	14	4	1	9	28-42	13
13. «7 Вершин Шалушка»	14	4	0	10	24-59	12
14. «Сады Баксана»	14	3	0	11	15-41	9
15. «Нартан»	**14**	**2**	**0**	**12**	**16-62**	**6**
16. «Джэрмэншык»	**14**	**0**	**0**	**14**	**0-42**	**0**

МакъамэкIэ къащыIущIат

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мазаем и 23-м концерт щекIуэкIащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм и щIыхькIэ. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм.

ТЕАТРЫМ и пэIущIэ пэшым дзэ оркестрыр макъамэкIэ щыIущIащ зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм. Абдеж щагъэуват Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я сурэтхэр, щIыналъэм исхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ теухуа тхыгъэхэр, архивым къыхаха дэфтэрхэр. Ахэр гъэнщIащ текIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ псэемыблэжу щIэбэна зауэлIхэм я Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэмкIэ, нэхъыжьыфIхэм хаша гъуэгум щIэблэр зэрырикIуэм, уи щIыналъэмрэ абы щыпсэу цIыхухэмрэ къулыкъу яхуэпщIэным нэхъыфI зэрыщымыIэм епха гупсысэхэмкIэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ, артист нэхъыфIхэм. Концертым щыжаIащ Хэкум, зауэм, текIуэныгъэм теухуа уэрэдхэр.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, дзэ Iуэху хэхам щыIа лIыхъужьхэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр, кадетхэр, республикэм и хьэщIэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтыххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №354

12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Сонэ**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(3, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.